ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№88 (23.902) ● 2019 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ хуэзащ Урысейм и Президент Путин Владимир

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ Путин Владимир хуэзащ. Зэлуэ щІэтпсэлъыхьащ ди щІыналъэм и социально-экономикэ щытыкІэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым адэкІэ зегъэужьынымкІэ зыхуэпІъэхэм.

Путин Владимир: Казбек Валерий и къуэ, хэзгъэрыхуэу тепсэлъыхьыт иджырей щытыкІэм, а щытыкІэр зэлъытагъэм, республикэм адэкІэ щалэжьыну я мурадхэм?

КІуэкІуэ Казбек: ПщІэ зыхуэсщІ Владимир Владимир и къуэ!

Псом япэу фІыщІэ пхузощІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, абы и социально-экономикэ зыужьынырэм къыхуэпщІ гулъытэм папщІэ.

2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм дэ къыдэхъулІащ экономикэм и унэтІынырэ нэхъыщхьэхэр зыужьынырэ гъуэгум тегъуэвныр. Промышленностым и продукцэр процент 102-рэ, мэкъумэш продукцэр сом мелард 11,4-рэ и уасэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 102,8-рэ хъуащ.

Зыужьынырэ гъуэгум тетщ ухуэныгъэр, розницэ сатур, республикэм къакІуэ туристхэм къахохъуэ икІи япэ илъэс ныкъуэм къриубыдэу ахэр процент 7 хуэдизкІэ нэхъыбэ хъуащ.

Капитал нэхъыщхьэм къахалъхьэ инвестицэхэм къызэрыщІигъур нэгъабэрэлъ тету къэнащ - процент 108-рэ хуэдизэ мэхъу. Апхуэдэу ику иту къаІэрыхьэ пэжжаПщІэми хохъуэ, ар процент 2,5-кІэ нэхъыбэ хъуащ икІи иджыпсту сом мин 26-рэ 300-м нэсащ.

2018 гъэм екІуэкІа лэжьыгъэ псоми я лъабжьэу щытащ къэрал финансхэм я зэблэгъэкІыкІэр зэтегъэувэжыныр. Апхуэдэ Іуэхуэхм я фІыщІэкІэ, налог хэхъуэхэр, налогхэм ящымыщ хэхъуэхэр къызэщІэгъэуІуэнымкІэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэфІэкІуам къыхэкІыу, властым и федеральнэ органхэм я дэлэпкъыныгъэкІэ къэрал щІыуэр сом мелард 1,8-кІэ дгъэмэщІэн тхуэзфІэкІащ, абы ипкъ иткІэ Бюджет кодексым и мардэхэм дикІакъым, япэ илъэс ныкъуэм лэжьыгъэхэр тэмэму екІуэкІащ.

Республикэм езым къызэригъэпэщыж хэхъуэхэр процент 109-рэ хъуащ, абы къыхэкІыу къэрал щІыхуэр меларди 8-м нэсыху дгъэмэщІащ.

Путин Владимир: Ямпэкі дапщэ зэрыхъуу щытар?

КІуэкІуэ Казбек: Мелард 12.

Путин Владимир: Ахэр бжьыгъэ хъарзынэщ.

КІуэкІуэ Казбек: Иджыпсту дэ проценткІэ къыдэдгъахуэ ахъшэр социальнэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм ятедгъэкІуэдэнущ.

Зэрыщыту адрей унэтІыныгъэхэмкІи, къапщтэмэ, ухуэныгъэр хэту,efIэкІуэныгъэхэр диІэщ. КъыхэзгъэщхьэхуКІыну сыхуейщ накъыгъэ маззм къыдэкІуэу щыта указхэр гъэззэщІэным Къэбэрдей-Балъкъэрыр жыджэру зэрелэжьыр.

Лъэпкъ проектхэр гъэззэщІэным тедгъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу дэ нобэм ирихьалІэу сом меларди 5,6-рэ къыпТэрыхьакІэщ. Ахъшэ нэхъыбэ дыдэ зытекІуэдэнухэм ящыщщ демографиемрэ егъэджэныгъэмкІэ проектхэр.

«Демографие» проектым икІи иткІэ дэ ди мурадщ илъэсищым нэс зи ныбжь сабий псори 2021 гъэм нэсыху сабий Іуэхущ.

Путин Владимир: Ильэсищым щІимыгъуэхэм папщІэ сабий Іуэхущ.

КІуэкІуэ Казбек: Ильэсищым щІимыгъуэхэм папщІэ сабий Іуэхущ. УхуэныгъэщІэу 49-рэ хуэдизэ, псори зэхэту сабий 2860-м ятещІыхьауэ, абыхэм ящыщу Іуэхущ.

Іуэхущ. Егъэджэныгъэм и лъэныкъуэкІи апхуэдэщ. Иджыпсту республикэм и школакІуэхэм ящыщу проценти 10-р е щІыху 9700-р етІуанэ сменэу йоджэ. Мы Іуэхум дэ иджыпсту щІэгъэхуэбжьауэ долэжь.

Ильэсым и кІэм дэтхэнэми еджакІуэ 1000 щІэхуэу школитІ къызэІуахауэ щытащ. Апхуэдэу «Егъэджэныгъэ» программэм ипкъ иткІэ иджыри еджапІэу плІы ящІын хуейщ. Ильэсым и кІэухым Налшык къалэм къызыдэІуахыну я мурадщ сабийуэ 1224-рэ зэкІуэлІэну иджырей еджапІэщІэ. Лъэпкъ проектым тету нэгъуэщІ школищи ящыщу икІи абыхэм я фІыщІэкІэ щэджагъуакІуэу еджэхэм я бжьыгъэ 2400-кІэ нэхъ мащІэ хъунущ.

Путин Владимир: *(ТхылымпІэхэм хотлъэ).* Мы проектхэм ящыщу ахъшэ нэхъыбэ дыдэ текІуэдэнущ демографием.

КІуэкІуэ Казбек: Пэж дыдэу, апхуэдэ ухуэныгъэхэр щІынырщ...

Путин Владимир: Апхуэдэу егъэджэныгъэм...

КІуэкІуэ Казбек: Пэжщ.

Путин Владимир: А унэтІыныгъитІым ахъшэ нэхъыбэ яхь.

КІуэкІуэ Казбек: Апхуэдэу, зэрыщыту къапщтэмэ, ГъэзгуХэм, спортым ахъшэшхуэ токІуадэ. Зэи къэмыхьауэ, мы сым гъэгу фондым къыхэкІыу республикэм и муниципальнэ щІынальэхэм сом мелуан 300 хуэдизэ хуаутІыпщащ икІи абы и фІыщІэкІэ муниципальнэ районхэм щыІэ гъэгугъэр нэрыпльагъуу ирагъэфІэкІуэнущ.

Социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Іэнатіэм ехъулІэныгъэ пыухыкІахэр щыІэ пэтми, ди жагъуэ зэрыхъущи, республикэр Іуэху куэдхэмкІэ къыкІэроху ику иту къэралым щыІэ бжьыгъэхэм. Абыхэм ящыщу цІыху къэс тещІыхьауэ щІынальэ продуктыр зыхуэдизыр, лэжьапІэр, цІыхухэм къаІэрыхьэ хэхъуэхэр зэрымащІэр. ИкъукІэ ди жагъуэ мэхъу хуэмыщІэн псэуэр процент 24-м зэрыкъуар.

Абы къыхэкІыу дэ къалэну зыхуэдгъэувыжащ ику иту экономикэм зегъэужьынымкІэ къэралым щыІэ бжьыгъэхэм щІедгъэгъуну, сыту жыпІэмэ нэгъуэщІ хэкІыпІэ щыІэкъым. Абы папщІэ дэ стратегие документхэм, планхэмкІэ документхэм, социально-экономикэ зыужьынырэмкІэ стратегием зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьащ икІи накъыгъэ мазэм къыдэкІа указхэр гъэззэщІэныр абы хэтыжмэ, Іуэхум фІыкІэ зыкъигъэзэну дыщогуфь.

Путин Владимир: Зэрыщыту къапщтэмэ, Іейкъым, уеблэмэ фІыуэ жыпІэ хъунущ, абы къыхэкІыу ехъулІэныгъэхэр фІиЭну сынывохъуэхъу. Нэхъыщхьэр федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ фаззэрыдэлажьэр тэмэму зэтегъэувэныщ, ахъшэр и зэманым зэкІэлыкІуэу къыфІэрыхьэн хуэдэу, абы къыдэкІуэу зыхуэфащэ лъэпкъ проектхэр республикэм щыгъэззэщІэным текІуэдэну ахъшэр тэмэму къэгъэсэбэпыным фэри хуэхьэзыру фІыщытынырщ.

Хьэшыр Чылар и лІыгъэ

● Пэжымрэ пщІымрэ

Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым бадзэуэгъуэм и щагъэлъэпІащ адыгэлІ щэджащэ Хьэшыр Чылар Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ и щыгум зэрыдэкІрэ илъэси 190-рэ зэрыриІкъур. Ар къызэригъэпэщат Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуІу советым.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІат щІэныгъэлІхэр, тхыдэджхэр, егъэджакІуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр, лъэпкъ Іуэхум гуузлыуэ хузиІэхэр. Абы кърагъэблагъат Чылар и лакъуэм щыщ Хьэшыр Аскэр.

Зэхьихьэр къызэзыгъэпэщахэм гукъеуэ нэхъыщхьэу яІэр Хьэшыр Чылар нэгъуэщІ лъэпкъыу къыщІрагъэдзэныр яужь зэриты.

Жылагъуэ лэжьакІуэ Къалмыкъ Жылэбий зэІущІэр къызэІуихащ. Абы и къэпсэлъэныгъэм лъабжьэ хуищІар 1829 гъэм генерал Эмануэль къызэригъэпэща экспедицэм хэтахэм ятахэмрэ къащІэнамращ.

- Хьэшыр Чылар тепсэуа хьэбар адыгэм нобэкъым къыщащІар, лІыгъэ зэрызэрихьэр и пщІэр яІэт зэпытщ. Абы и щыхьэтщ мы хьэбарри, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм Къалмыкъым. - КушмэзыкІуей колхозым хьэкъахэм зэхуэсыпхъуэ щащІам щыгъуэ сурэт трахам щыху щэ ныкъуэ хуэдизэ итщ. Абы зы щыху закъуэм деж вагъуэ цІыкІу тетщ. Сурэтым кІэщІэтхащ а щхьэхуэу къыхаугъэщар Хьэшыр Чылар и къуэм и къуэ Къэрэбату зэрыщытыр. Апхуэдизу яІэтырт а лІым и щІэблэр. Нобэ зыкІи нэхъ мащІэкъым Чылар и пщІэр лъэпкъым дежкІэ икІи абы и щыхьэкІэ зэхъуэкъэр, стІол хуэрейхэр, дерс щхьэпэхэр къызэрагъэпэщ.

Къалмыкъым къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ генерал Эмануэль Георгий и экспедицэм теухуауэ тхыдэм къыхэна тхыгъэхэр, абы хэтахэм я къекІуэкІыкІар, Чылар и гъащІэ гъэугуанэр.

- Адыгэхэм я зэфІэкІ лъагэм щыхьэт тохъуэ а экспедицэр. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Іуащхьэмахуэ и щыгум нэсыфар Хьэшыр Чылар и закъуэщ. Эмануэль и экспедицэм мыхьэнэ ин иІащ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, япэрауэ а щІыпІэр нэсу къахутащ. ЕтІуанэрауэ, Іуащхьэмахуэ и щыгум зэрыдэкІуаем и сурэтыр, зэрилъагъум хуэдэу, мэкъуауэгъуэм и 21-м ищІащ Горшков Александр. Ари тхьдэ дэфтэр бэлыхьщ. Адыгэм дежкІэ а экспедицэм нэхъыщхьэу хэпльэр Хьэшыр Чылар псом япэ ищу абы зэрыдэкІыфарщ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ лъэпкъыр игъэльэпІащи, дэри езым и щхьэр, и пщІэр тхъумэну ди къалэнщ.

Хьэшыр Аскэр и къэпсэльэныгъэр теухуат Чылар нэгъуэщІ лъэпкъым щыщу къэльытэныр къызэремызэгъыр къыщІэгъэщынным.

- Адыгэ щІалэ Хьэшыр Чылар япэу Іуащхьэмахуэ и щыгум зэрынэсар а зекІуэм хэта зыбжанэм ятхьижауэ къытхуэнащ. А тхьдэ щыхьэтхэм уаблэІэбыкІыу Чылар нэгъуэщІ лъэпкъым щыщу жыпІэныр емыкІыу. Ди къуэш лъэпкъхэр щызыгъэуэхэм ящыщщ Іуащхьэмахуэ теухуауэ Симоновым и Іэдакъэ къыщІэкІа тхыльыр. Абы къэхуа Іуэхур лъабжьэу къыщІэри, адрей псори езым къигупсысауэ араш. Хэт и дежкІи гурыІуэгуэщ художественнэ тхыгъэр Іуэхум лъабжьэ хуэпщІ зэрымыхъунур.

Хьэшыр Аскэри адрей къэпсэльэхэми къытрагъэзэжурэ къагъэлъэгъуащ Чылар зэрыдыгъэр икІи абы и щыхьэтхэр къахьащ.

Тхыгъэри сурэтри
ЩОМАХУЭ Залинэ *ейщ.*

КІуэкІуэ Казбекрэ «Газпром межрегионгаз» ООО-м и унафэщІ Густов Сергейрэ тепсэлъыхьащ республикэр газкІэ къыззэгъэпэщыным пыщІа Іуэхухэм

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек республикэр газкІэ къызэгъэпэщыным, апхуэдэу лъэныкъуитІым я зэпыщІэныгъэхэм зегъэубГуныным теухуауэ дыгъуасэ епсэлъащ. «Газпром межрегионгаз» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Густов Сергей. «Газпром межрегионгаз» ООО-р «Газпром» акционер зэгухьэныгъэ зэІуХам и Іэнатіэ нэхъыщхьэщ. Абы Урысейм и щІыналъэхэм ящыщу 69-р, ди республикэри яхэту, иджырей гъэсныпхъэмкІэ къызэрегъэпэщ.

А МАХУЭ дыдэм КІуэкІуэ Казбекрэ Густов Сергейрэ республикэм и Правительствэмрэ КъБР-р газкІэ къызэзыгъэпэщ компаниемрэ я унафэщІхэр кърихьалІэу тепсэлъыхьащ лъэныкъуитІыр адэкІэ зэщІыгъуу зэлэжьыныхэм. Апхуэдэ Іуэхуэхм ящыщщ гъэсыныпхъэр къызэрапщ иджырей Іэмэпсымэхэр гъэувыныр, республикэм къыІэрыхьэ газым и куэдгъыбмрэ фІагъыбмрэ кІэлъыплъыныр, тариф политикэ тэмэм убзыхуныр, газкІэ къызэзыгъэпэщ станцхэм я лъэщагъым хэгъэхъуэныр икІи абы и хьэкъкІэ Прохладнэ, Тырныауз къалэхэм а гъэсныпхъэр нэхъ тэмэму яІэрыгъэхьэныр тещІыхьа инвестицэ проектхэр гъэззэщІэныр.

ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, гугъуехь нэхъыщхьэ дыдэр къагъэсэбэпа газым и уасэмкІэ щІыхуэр пшыныжыныщ. Апхуэдэ щытыкІэ Кавказ Ищхьэрэм и адрей республикэхэми щыІэщ. ЛъэныкъуитІми зэрыжаІамкІэ, мыбдеж «Зым адрейм худичьхьыу», зэдзІэпыкъуж зэдзлэжьэн хуейщ. ЩІыхуэр пшыныжьынымкІэ лэжьыгъэ пыухыкІа йокІуэкІ. 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэ бюджетымрэ муниципалитетхэмрэ гъэ уасэр ирикъуу ятащ, унагъуэхэми къагъэсэбэпа гъэсныпхъэм и процент 80-м пэкІуэр къыхэкІащ. ЗэрыжаІамкІэ, иджыпсту Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм ящыщу газ уасэр нэхъыбІу щыхахыр Къэбэрдей-Балъкъэрыщ.

Апхуэдэу щыт пэтми, мы зэманым нэгъэсауэ зэтегъэува хъуакъым республикэр уабэкІэ къызэзыгъэпэщ компаниехэм къагъэсэбэп газым и уасэр къыхэныр (нобэкІэ абыхэм ятыр гъэсныпхъэм и уасэм и зэхуэдитІым нэблагъэрщ). Зэрынэрылъагъущи, хуабэ-энергетикэ предприятэхэр зэрызэрахьэр егъэфІэкІуэн, абы къыщагъэсэбэп технологиехэр къэгъэщІэрэщІэжьын хуейщ.

Густов Сергей и псалъэм къыхигъэщащ къаІэтэ Іуэху пэтми зэмузыж дагъэкІыныбмкІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр къызэригъэпэщыну зэрыхьэзырыр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.



2019 гъэм фокІадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

Іуащхьэмахуэ лъапэ Урысейм гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къыщыззэзыгъэпэщ курорт нэхъыфІу 10-м хабжэ

ТурСтат аналитикэ агентствэм хэІущІыІу ищІащ Урысеймрэ СНГ-мрэ бгыпІэ щыпІэхэм щыІэ я гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэхэм я рейтингыр. Абы ипкъ иткІэ Іуащхьэмахуэ лъапэм еханэ увыпІэр иІыгъщ.

БГЫПЪЭ щыпІэхэм щыІэ курортхэм я рейтингыр яубзыхуащ а зыгъэпсэхупІэхэм яІэ щІэупщІэм, я инфраструктурэм и тэмэмагъэм, транспорткІэ къызэрызэгъэпэщам ятещІыкІауэ.

ЗэІущІэзэІкІэм къызэралъытэмкІэ, дызэрыт илъэсым и Іуащхьэмахуэ и щыгум зэрыдэкІуаем и сурэтыр, зэрилъагъум хуэдэу, мэкъуауэгъуэм и 21-м ищІащ Горшков Александр. Ари тхьдэ дэфтэр бэлыхьщ. Адыгэм дежкІэ а экспедицэм нэхъыщхьэу хэпльэр Хьэшыр Чылар псом япэ ищу абы зэрыдэкІыфарщ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ лъэпкъыр игъэльэпІащи, дэри езым и щхьэр, и пщІэр тхъумэну ди къалэнщ.

Хьэшыр Аскэр и къэпсэльэныгъэр теухуат Чылар нэгъуэщІ лъэпкъым щыщу къэльытэныр къызэремызэгъыр къыщІэгъэщынным.

- Адыгэ щІалэ Хьэшыр Чылар япэу Іуащхьэмахуэ и щыгум зэрынэсар а зекІуэм хэта зыбжанэм ятхьижауэ къытхуэнащ. А тхьдэ щыхьэтхэм уаблэІэбыкІыу Чылар нэгъуэщІ лъэпкъым щыщу жыпІэныр емыкІыу. Ди къуэш лъэпкъхэр щызыгъэуэхэм ящыщщ Іуащхьэмахуэ теухуауэ Симоновым и Іэдакъэ къыщІэкІа тхыльыр. Абы къэхуа Іуэхур лъабжьэу къыщІэри, адрей псори езым къигупсысауэ араш. Хэт и дежкІи гурыІуэгуэщ художественнэ тхыгъэр Іуэхум лъабжьэ хуэпщІ зэрымыхъунур.

Хьэшыр Аскэри адрей къэпсэльэхэми къытрагъэзэжурэ къагъэлъэгъуащ Чылар зэрыдыгъэр икІи абы и щыхьэтхэр къахьащ.

Тхыгъэри сурэтри
ЩОМАХУЭ Залинэ *ейщ.*

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьэм захудогъаз

2019 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къаІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр нухащ.

Ди газетым тезыдзэну хуейхэм хъыбар идогъащІэ: ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдэ хъунущ поштым и дэтхэнэ Іуэхущ Іапі эмэ. Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ сом 548-рэ кІэнІейкІи 5-рэ.

Ди индексыр П 5894

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 25, *махуэку*

♦УФ-м Следствиемкіэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэщ

♦Урысейм псым къулыкъу щезыхьэкІ и полицэм и махуэщ

♦Белоруссием и мафІэсгъэункІыфІ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1472 гъэм шэрджэс кхъухь 24-рэ тенджыз фІыцІэм зэпрыкІри, Тыркум теуауэ щытащ.

♦1567 гъэм Венесуэлэм и къалащхьэ Каракас и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1942 гъэм щІидзащ Кавказым папщІэ екІуэкІа зауэм. Советыдзэхэмрэ нэмыцэхэмрэ абы папщІэ зэпэщІэтащ 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м щегъэжьауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9 пщІондэ.

♦1943 гъэм Прохладнэ - Налшык гъущІ гъуэгур зэфІэгъэувэжыныр зэфІэкІащ.

♦1946 гъэм США-м псы щІагъым (Бикини атоллым деж) щагъэунэхуащ атом Іэщэм и лъэщагъыр.

♦1947 гъэм Чехием и къалащхьэ Прагэ къыщыщІэуІуахащ щІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я І дунейпсо фестивалыр.

♦1984 гъэм дунейм щыяпэу щІыхуб-космонавтыр хьэрщым хьыкащ. Ар зыхуэзфІэкІар совет космонавт **Савицкая Светланэщ**, «Салют-7» къэхуащІыкІ, ар хьэрщ зэІуХам хьыкащ.

♦1992 гъэм Барселонэ къалэм (Испание) къыщыІэуІуахащ XXV гъэмахуэ Олимпийм Джэгухэр. Ахэр екІуэкІащ бадзэуэгъуэм и 25 - щыщхьэІум и 9-хэм.

♦Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, юстицэмкІэ министру, депутату, Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадзу щыта **Хьикмэт (МафІэдз) Умар** къызэралъхурэ илъэси 133-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Ахъмэт Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, кинорежиссёр, актёр цІэрыІуэ, РСФСР-м гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Шукшин Василий** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, Адыгейм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хъут Шэмсэдин** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Публицист, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Аттаев Жэмал** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦АР-м и къэрал лэжьакІуэ, журналист, политикэ щІэныгъэхэм я доктор **КІэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Географие щІэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Болэ Владислав** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦АР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Ныбэ Анзор** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Боксёр, Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщыІэхьа **Хьрачэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 26, *мэрем*

♦Эсперантэ бзэм и махуэщ. 1887 гъэм Варшавэ (Польшэ) урысибзэкІэ къыщыдэкІащ эсперантэ бзэр зэрырагъэджыну япэ учебникыр.

♦Урысейм щагъэлъапІэ парашютистым и махуэр

♦1770 гъэм, Урыс-Тырку зауэм и зэманым, генерал Репнин Николай зи пашэ дзэм Измаил быдапІэр къащтащ.

♦1805 гъэм Везувий вулканыр кьибыргъуэкІри, Неаполь къалэм и зэхуэдитІым нэхърэ нэхъыбэр зэтрикъутащ. А гуэзвэгъуэм цІыху мин 26-м нэблагъэ зэкІуэдауэ щытащ.

♦1946 гъэм Москва къыщызэІуахащ СССР-м Финансхэмкіэ и министерствэм и Гознак управленэм и типографиер. Иджыпсту ар УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм и Гознакым и типографиерщ, урысей ахъшэхэр щытрадзэрщ.

♦1953 гъэм Кубэм цІыхухэр къыщыззэрыІэтащ, Батистэ Фульхенсио къэралым щыззэрихьэ залымыгъэхэр ямыдэу. Лъэпкъ зэщІэхьеныгъэм и пашэр уэчыл щІалэ Кастрэ Фидель. ТекІуэныгъэр къахьа иужькІэ ар Кубэм и унафэщІу щытащ илъэс 30-м щІигъукІэ.

♦1957 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу гъэугуанэшхуэ зэпызычыфэ баллистическэ ракетэр иутІыпащ.

♦1963 гъэм Горький дэт автозаводым щызэпкъраІахащ хьэлъэзешэ автомобиль лІэужьыгъуэщІэр - «ГАЗ-53»-р.

♦1963 гъэм Югославием и Скопье къалэм щІыр щыхьэйри, ухуэныгъэ куэд зэтрикъутащ, цІыху миныбм щІигъуи зэкІуэдащ.

♦1993 гъэм Урысейм пщІэ щамыІэж хъущ СССР-м къыщыдгъэкІа ахъшэхэм.

♦1961 - 1992 гъэхэм зекІуа совет ахъшэхэм я пІэ къиуващ урысей сомыр.

♦Инджылыз тхакІуэ, драматург, Нобель и саугъэтыр зрата **Шоу Бернард** къызэралъхурэ илъэси 163-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, тхыдэдж-архивист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Опрышкэ Олег** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ и академиемрэ ЩІДАА-мрэ я академик **Къумахуэ Мурадин** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ актёр, сценарист, тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Онер Четин (Гъэзгулі)** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бицу Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакІуэ, КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ Іу щыта **Къардэн Алик** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъущІэ, политик **Кириенкэ Сергей** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Іэщын Руслан** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гуэным имылъмэ, Іэнэми телъкъым.

● Дифі догъэлъапІэ

И напи, и Іуэху еплъыкІи емыпцІыжу

И анэр и гъусэу.

Мы махуэхэм зи илъэс 75-р зыгъэлъапІэ Аттаев Жэмал Жэбир и къуэр ящыщ иджырей Къэбэрдей-Балъкъэрым пщІэрэ щхьэрэ щызиІэ къэрал, жылагъуэ, политикэ лэжьакІуэшхуэхэм. «Заман» газетым илъэс куэд лъандэрэ и редактор нэхъыщхьэу щыт хэкупсэр КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэщ, республикэм цІыхУм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэм къепхауэ лажьэ эксперт советым хэтщ. И Іэщ Іагъэмкі э бгъэдэлъ Іэзэгъышхуэм, зэфІих жылагъуэ Іуэху инхэм, ди щыналъэм и социальнэ зыужьыныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэм папщІэ Аттаевым къыхуагъэфэщащ щІыхьыщІэ лъагэ зыбжанэ. Ар УФ-ми КЪБР-ми щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналистщ, ди республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - КЪБР-м и ЩІыхь тхылъыр - краташ, апхуэдэуи мызэ-мытІэу игъэпэжащ УФ-м, КЪБР-м я Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм я щІыхь, фІыщІэ тхылъхэмкІэ, саугъэтхэмкІэ.

КъэІЫЗХэКІА лъэпкъым и пащхьэм и деж апхуэдизэ фІыщІэ Іыщыщізылъжьыфа хэкулым и щІыхь къыдэлъщ гугъуехьи щыщІэныгъэ куэди. Ахэр нэхъыбэу зэпхар ди балъкъэр лъэпкъыр я щІыпІэм залымыгъэкІэ ирашауэ зэрыщытарщ.

Жэмал 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыщалъхуащ Къыргызыз ССР-м хыхьэ Кант районым и Ново-Покровкэ кьуажэм. Абы дэт курыт школыр ухэрзыпэу къиухри, щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Къэзахъ къэрал университетым журналистикэмкІэ и факультетым. ИужькІэ и Іэзэгъым щыхигъэхъащ Москва, КПСС-м и ЦК-м къепхауэ лажьэ, Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ академием.

Апхуэдэу къыхуиухри, лъэпкъыр хэкум ирагъэкІа нэужь, Къыргызыз щІыналъэ дыздагъэкІуам Жэмалри сэрэ ди унагъуэхэр зы къуажэ къудей мыхъуу, зы уэрамми здыгъэсащ. Ди адэ-анэхэр псэм хуэдэу зэрыпІагъуэхэрт, жыжьэуи дызэмыблагъэ пэт. Ауэ, зэрыжаІэщи, благъэ жыжьэ нэхърэ гъунэгъу благъэр нэхъыфІщ. Гуауэр зэдагъэушыхь, хамэхэри Іыхьлыи хуэдэу зэпэгъунэгъу хъурт а зэманым.

Жэмал и адэ-анэр гутхэр зи гум илъэм ящыщт, гуащІэхами пэжыр къыщызыщІэщыжынур я фІэщ хъуэу. Кязим щэджащэм и уэсятым тетт ахэр. «Нобэ дыкъезыгъэлынури, дызыгъэшхэнури, дызыхуэпэнури, фэ къыттезыгъэуэнури, ди псэр щыхэкІкІэ дгъэзытыжынури лэжьыгъэращ», - жиІэрт а лІы Іумахуэм. Нобэ Жэмал и адэ-анэр псэужамэ, я щхьэр лъагэу щІалэтын къуэ къаззрыщІэхъуам щыгуфІыкІынут, дауи.

Дэ ди унагъуэр нэхъ пасэу къэкІуэжащ. Илъэс бжыгъэ дэкІыу, езыри журналист хъуауэ ялэ дыщызэхуэзэжам Аттаевыр Къэзахъстаным Компартым и ЦК-м и журналым и къудамэм и унафэщІу щыпхьжьэрт. Цыхубэ щІэныгъэхэм я Академие еджакІуэ сыздагъэкІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу щеджэхэр шей егъэфэну зы пщыхьэщхьэ къезгъэблагъат. Си хьэщІэхэм сахоплъэри, зы щІалэ къудам яхэтщ Къэзахъстаным щыщу, «зыщІыпІэ щыслъэгъуауэ пІэрэ?» жызигъэІэу. Соплъыпэри, ди хьэблэ щІалэр къызоцІыхуж. ИужькІэ, «Горняцкая слава» газетыр къызэрагъэпэщыжьын я мурад, хэт зэрихьэфыну пІэрэ щыжаІэм, ехъулІэныгъэкІэ Академиер къэзыуа Жэмал сигу къэкІыжри, Мэлбахъуэ Тимборэ ар хэзгъэпэжащ. Афіэкіа хэмылъу, республикэм ди ЛІыщхьэ Къэзахъстаним и Компартым и ятІонэрэ Джанибековым ІолъэІу, партлажьэгъэ иратыну, Жэмал къытхуигъэкІуэжыну.

Аттаевыр я адэ-анэм я хъыбархэмкІэ фІэкІа имыцІыху Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэжри, Тырныауз къыщыдэкІ «Горняцкая слава» къалэ газетым и унафэщІ хъуауэ щытащ афІэкІа хэмылъу. СощІэж: я газетым редактору ягъэувыну къаГэлъэгъуа кандидатурэхэм хэплъэу, Мэлбахъуэ Тимборэ и нэр къытеувыІащ Аттаевым. Къэхьщхьэм ди дежкІэ къеплъэкІати, сэри абы игу къэзгъэкІыжащ ар Къэзахъстаным и Компартым и Комитет Нэхъыщхьэм ди Іэлуэкіэ къытхуигъэкІуэжауэ щыта щІалэ жаныр зэрыарар. «НтІэ, фІы дыдэу сощІэж», - жиІащ Мэлбахъуэм икІи Іэлэтым Іуэхуэр нэса нэужь, абы Іэ зыхуІэтар Жэмалщ.

Апхуэдэ дзыхь лъагэ къызэрыхуащІар игъэпэжу и къуплькър ирихьэкІащ Жэмал. Тырныаузи абы къедза аузми щыцІэрыІуэ «Горняцкая слава» газетым ехъулІэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьащ Аттаевыр и пашэу щыщыта илъэсхэм. Ар куэдкІэ нэхъ щІэщыгъуэ, купщІафІэ хъуат, и тиражми фІыуэ хэхъуат.

ЛъэужьыфІ Аттаевым къыщигъэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомым идеологиемкІэ и къудамэм, республикэм хамэ къэрал Іуэхуэмкі э и министрым и апэ къудэзэу, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и унафэщІу щыщылажьэм щыгъуи. КъикІуэт зэрыщыгъэкІэ уэздауэ, къеныкъуэкъуІами, жэуап тэмэм яритыжырэ къыжраІэн ямыгъуэтыжу ар лэжьащ. А зэманым хуиту псалъэхэр мащІэт. Партым и къару илъагъуэм загъэгубзыгъэу утыку итахэр къуэгъэнапІэ фочауэ хъужат. Жэмалщи, сыт хуэдэ утыкуи пщІэрэ щхьэрэ иІэу я къикІыжырт. Абы и псалъэр кІэщІт, нахуэт, купщІафІэт.

КъыззрысщыхъумкІэ, жэуаплныгъэ ин зыхиущІэу зи къьалэнхэр дапщэщи езыхьэкІ Аттаевым хэлъ апхуэдэ хьэл быдэм трищІыхьащ ди республикэм и Президенту щыта КІуэкІуэ Валерэ, Аттаевыр дзыхь зыхуищІ, зыдэлажьэ гупым щахигъэхьэм. Аращ абы пщэрыльэ хуащІауэ щыщІытар ди щІыналъэм балъкъэрыбзэкІэ къыщыдэкІ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ къуькъури. Илъэс 20-м щІигъуащ Жэмал а Іуэхущапіэм и пашэу зэрыщытри, а лъэхъэнэм къриубыдэу зэфІигъэкІащ республикэм къыхуэщхьэпэ Іуэху куэд.

Аттаевыр щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, къэухь къулей зиІэ, псалъэм хуэІэзэ щыхущ. Абы ехьэлІауэ сигу къэкІыжащ Лихачёв Дмитрий и псалъэхэр: «Губзыгъэуи щІэныгъэ уиІэуи щІыхухэм закъыщыбгъэхъуфырнущ, ауэ гъэсэныгъэ зыхэлъу фэ пхузыгъгъэуэнэгъэмэ!» Жэмал фэ зытригъэуэн хуейкъым - ар зэхэщІыкІ лъагэ зыбгъэдэлъ щІыхуэ гъэсащ сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи - и щэнкІи, щІыхуэхэрэ ныбжьэгъуэхэмрэ зэрабгъэдэтымкІи, и Іуэху зехьэкІэкІи, и дуней тетыкІэкІи. И публицистикэ тхыгъэхэм кьыхощ Аттаевым бгъэдэлъ гупсысэ нэхухэм я купщІэ нэхъыщхьэр: Хэкур, щІыхуэ фІыуэ лъагэ, залымыгъэмрэ щІэпхъаджагъэмрэ гъэзгу емытын, мамырыгъэмрэ зэпэщыныгъэмрэ ди щІыналъэм щытепщэ хъун. Апхуэдэ Іуэхугъуэхэращ зыхуэлажьэр, уеблэмэ щІэпсэupэ Жэмал.

Зи напи зи Іуэху еплъыкІи зэи емыпцІыжу псэу си ныбжьэгъу пэжым, щІыхуэ щыпкъэм, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэшхуэм си гуапэу сохъуэхъу къыщыдгъуэ махуэмкІэ. Узыншэну, и щхьэкІи и унагъуэкІи Іуэху дахэ куэд илъагъуну си гуапэщ. Илъэсищэ хъуа нэужьи щІыхуэм яхуищІэф фІым, зэрыпсэум щыгуфІыкІыу Тхьэм дунейм тригъэт.

ЗУМАКУЛОВ Борис,
КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару, и апэ секретару щыта (1980 - 1991), КъБР-м щІыхуэм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ, профессор.

Зумакулов Борисрэ Аттаев Жэмалрэ. *2019 гъэ*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и адыгэ къуажэ нэхъ инхэм ящыщ Зеикъуэ иджыблагъэ зэхьихьэ гукъинэж щекІуэкІащ. А жылэм ищхъэрэкІэ къедза щІыпІэ зэлъытІухам, зи гупэр Бахъсэн псыхъэкІэ гъэзам, деж Хьэгъур Аскэрбэй щригъэуху шхапІэ-зыгъэпсэхупІэ дахэкІейр а махуэм хэщІапІэ яхуэхъуащ Уетхэ я лъэпкъ зэхуэсым кърихьэлІахэм.

ІУЭХУМ щІидзэным и пэ кьихуэу абдежым дыщыІухьэм, дэ зэуэ гу лъытІащ къатищу зэтет уардзуэхэм и гупэкІэ кьыт утыкум щызэІущІэхэм гуапэу фІэхъус зэрызэрахми, зыр адрейм зэрыщыгуфІыкІми, нэфІэгуфІэу зэрызэпэджжми.

ЦІыкІуи ини, нэхъыжьи нэхъыщІи, хлъхьгъи быдзыхугъи щыгъыи нэхъ дахэхэмкІэ зэщІыхэупыкІарэ зэрызэхуэІэфІри щІытлъагъум, дезыгъэблагъа зэхэшакІуэри нэшхуэгъашхуэу къыщытпежьэм, телевидеонэм я лэжьакІуэхэу дызыщІрихьэлІахэри ди нэІуасэу къыщыщІэкІым, дэ нэхъри дыгуужащ икІи зыхэтщІащ пшыхьыр гукъинэж зэрытщэхъунури, «хьыззэныгъэпэщащэхэм ар къаз эрехъулІэнури.

Хэщ Іапі эм и пІуащІэ пэшым дызэрыщІыхьэу, ди нэгу къыщІэуващ дахащэу гъэщІэрэщІа унащхьэр ящІагъэ зэрыІэтари, блынхэм гуащІыхьа дэкІуеипІэхэм етІуанэ - ещанэ хэтхэм «щагъэпщкІуа» унэ кІуэцІхэм уэзрыхуэашэри, нэгъэщІ абы хуэдэу удэзыхьэхэхэри.

ЗэІущІэр къызэІуах

Ауэрэ дыздэщытым, шхапІэ-зыгъэпсэхупІэм деж щызэрихьэлІахэр, псори, пэш нэхъыщхьэмкІэ драгъэблэгъащ. ЗэІущІэр къызэІуэзыхари езыгъэкІуэкІари Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист, КъБР-м и къэрал телевиденэм и редактор къаІэнэхэр зыгъэзащІ. ТІэмыжь Владимиращ.

Зэрэсым къриубыдэхэм пэублэ псалъэкІэ захуэзыгъэзар лъэпкъым щыщ нэхъыжьыфІ Ует Хьэсэнбийщ.

- Си къуэшхэ, си шыпхъухэ! Ди хьэщІэ лъапІэхэ! Уетхэ я лъэпкъ зэхуэс нобэ япэу едгъэкІуэкІыу аращи, ар дэркІэ гуфІэгъэушхуэщ. Лакъуэ дыщыхьукІэ, тхыди хабзи диІэщ. Нобэ дэ дытепсэлъыхьынущ ди блэкІар зэгъэщІэным, лъэпкым щыщу дэнэкІэ щыІэри зэрыгъэщІыхуным, ди адэжьхэм ди деж кьахьэса хабзэ дахэхэр щІэблэм зэрахэтпщэным дызэрыхущІэкъупхъэм, нэгъэщІэхэми. Фыкъыхуэдожэ, хэт сыт хуэдэ Іэнатіэ Іутми, лъэпкъым ди щІэр фІыкІэ зэригъэпэжыным хущІэкъуну, и лэжьигъэр тэмэму ирихьэкІыну, тщыщ дэтхэнэми кьыщалъхуа и кьуажэр, зэрыщыту къатщтэмэ, Хэкур фІыуэ ильагъуну. Узыншагъэ, нэмыс, насыпт куэду зыхэлъыи лъэпкъ Тхьэм дищІ! - щыжиІащ и пэублэ псалъэм тхьэмадэ Іумахуэм.

Абы иужькІэ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ утыкум кьрашэри, сэмбым кІуэцІыышхьа тыгъэ цІыкІухэмрэ Уетхэ я лъэпкъ зэІущІэм и цІэкІэ ягъэхьэзыра медаль гъэщІэрэщІахэмрэ иратащ.

Лъэпкъым и тхыдэм щыщ

Къэпсэлъапіэм кьиуващ лэжьыгъэм и ветеран, республикэм автотранспортымкІэ и Іэнатіэм илъэс 40-м щІигъукІэ къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щІэзыхьэкІа, зэхьихьэм и кьыззгъэпэщакІуэ пажэ Ует Шыхьбан. Ар гъэхуауэ кьеджащ езыр зыщыщ лакъуэм и къеІуэкІыкІам, цІыху цІэрыІуэу къыхэжаныкІахэм, ноби фІыкІэ зи цІэ къраІуэхэм ятеухуауэ езым игъэхьэзыра и тхыгъэм.

- Мухьэмэд бегъымбарым, Алыхым и нэфІыр зыщыхуам, жиІащ: «ФыкъызыхэкІам и блэкІар зэвгъащІэ, абы зэблагъэхэм фи зэпыщІэныгъэм зригъэубгъунущ. ИпэжьитІэкІэ аращ, Тхьэшхуэм нэмыщІ, фи зэхуаку дэлъ лъагъуныгъэр нэхъ быдэ зыщІыныри, фи мылькум хезыгъэгъэхъуэнури, фи гъащІэм кьыпеэзыгъэщэнури» (Кьурлэн, Аль-Хаким, 4/161).

ГъащІэм егъэлеяуэ зэхуэзкІыныгъэшхуэхэр кьыщыщхьу мы лъэхъэнэм, лъэпкъым ди бзэр, ди хабзэр, ди адэжьхэм кьызэранэкІа псэкупсэ кьулеягъэр хьуманым мыхьэнэщхуэ иІэщ. Абы кьыхэкІыуи, нобэрей ди лъэпкъ зэхуэсым и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ Уетхэ ди лІакъуэм и кьудамэхэр гъунэгъу зэхуэтщІыжыныр, дызэрыцІыхужыныр, а псом кьадэкІуэуи, кьэкІуэну зэманым зылІ и быну дызэрылъытэжыныр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэкІэ нэгъэсауэ къытхуэхуэтакъым Уетхэ ди къежьапІэ-къыщІэдзапІэр, ди кьуэпсхэм я зэпыщІэныгъэ щыпкъэр. Абы кьыхэкІыу, ди щІэныгъэлІхэмрэ дэ тщыщу а Іуэхум яужь ихьэну гупьж зыщІхэмрэ дащогугъ Уетхэ я кьудамэхэр зэрызэпыщІар наІуэ къэзыщІ тхыгъэхэр тхуагъэхьэзыру ди пащхьэ кьраль-хьэну.

АтІэми, дэ тхужьІэнэщ, Уетхэ Къэбэрдейм ижьижьыж лъандэрэ ис адыгэ лъэпкъыжьу зэрыщытыр. Ди республикэм мы зэманым Ует унэцІэ зезыхьэу цІыху 300-м нэблагъэ ищІ, ЛІакъуэр нэхъ зэуІуу щопсэу Бахъсэн, Шэджэм районхэм, Налшык къалэ.

Ди адэжьхэм къызэрагъэтэжамкІэ (ар кьыжьиІащ ди кьуажэгъу, КъБР-м Егъэджэнигъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм лъэпкъыбзэкІэ и кьудамэм и унафэщІ, щІэныгъэлІ Табыщ Мурати), Фэндыкъуэ кьыдэІэпхъуКІыжажрауэ кьыщІэкІынущ Зеикъуэ, Ислъэмей, Шэджэм жылэхэм дэс Уетхэ кьызытепщІыкІыжар.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, Тыркуми щыІэщ ди лъэпкъэгъуэр. Ислъэ зыбжанэ ипэкІэ Сириием къиІэпхъуКІыжащ Уэтей унэцІэ зезыхьэ унагъуитІ. Ахэр Благовещенскэ жылэм дэсщ. А къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм теухуауэ нэгъуэщІ хьыбар мызыгъуэгукІэ диІэкъым. Ди мурадщ, «Уетхэ я лъэпкъ зэгухьэныгъэ» фІэтащу, нобэрей ди зэхуэсым щыхэтхыну гупым я щэкІэ, Тыркуми Сириеми лъэІу тхылъэр яхуедгъэхьыну, Уетхэ (Уэтейхэ) ехьэлІауэ а лъэныкъуэмкІэ щыІэ хьыбархэр тхуэзэхуахьэсыжьфын хуэдэу.

Ауэ, итІани, дэфтэр хьуманІэхэм кьыщыдгъуэтыжа тхыгъэхэм ятетщІыхьымэ, Ует унэцІэ зезыхьэхэм я щІэдзапІэр 1740 гъэм къэнэуауэ Сэлихь деж къыщожьэ. Абы къуиплІ иІащ: Исхьэкъ, Мэстафэ, Увыж, Льостэнбий сымэ, - жиІащ зэхьихьэм и зэхэшакІуэ пажэм.

Адэкіэ, Ует Шыхьбан кьрибжэкІащ езыр кьызэхэкІа Ілакъуэм щыщу революцэм ипэкІэ къэрал Іуэхуэм жыджэру хэтахэм, совет властыр къэунэуауэ иужькІи ди республикэм, зэрыщыту къатщтэмэ, УФ-м Іуэхуфі хуэзылэжьахэм, нэгъуэщІ лъэныкъуэхэмкІи кьыхэжаныкІахэм я цІэхэр.

- Апхуэдэу, Налшык округым хьихь Іслъэмей и кьуажэм 1883 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м Ует Джырандыкъуэ кьуажэ судьям и кандидату хахауэ щытащ. 1914 гъэм, дзэм ираджэри, Къэбэрдей полкым хагъэхьащ Ует Мысост ФІыцІэ и кьуэр, - кьыпищащ адэкІэ Шыхьбан. - Ует Къарней Джырандыкъуэ и кьуэр лакъуэм и зы кьудамэм и къежьапІэщ. Акъыл жан иІэу, цІыху хэтыкІэ ищІэу, гушыІэ ин бгъэдэлъу, бынфІэу щытащ икІи гъащІэ узыншэ кІигъэщІащ абы. Зеикъуэ кьуажэ дэсхэм ноби Къарней и цІэр фІыкІэ ягу кьагъэкІыж, и сэмэркъо телъыджэхэр зэпадзыжурэ къаІуэтэж.

КьищынэмыщІауэ, Шыхьбан кьэхигъэщащ Уетхэ ящыщу Хэку зауэшхуэм зи щхьэ хэзылъхьа щІалэхэр хэт сымэми, апхуэдэуи, тепсэлъыихьащ зауэ нэужь лъэхъэнэм къэралым и цІыхуб хэзайстэзэм, экономикэм я Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІахэми.

- Дэ кьытхэкІащ цІыху зэчиифІэхэр, мэкъуэмэш Іэнатіэм и лэжьакІуэ пажэхэр, ухуакІуэ Іэзэхэр, профессионалыностым и Іэщ Іагъэлі хэсхэр, кьулыкъущІхэр. Ди яПэ итахэм лэжьыгъэкІи, зауэ Іэнатіэкіи зэрахьа лІыгъэм, зэфІэкІым дригушхуапхъэщ. Ауэ щыхъукІи, кьытщІэхъуэ щІэблэр а Іэхуэхэм щыгъуаззу къэгъэтэджын хуейщ.

Ди къалэнщ тхылъ щхьэхуэ зэдгъэпэщыну, ижь лъандэрэ ди къекІуэкІыкІар, цІыху щэджащэу кьытхэкІахэм я цІэхэр, я ІуэхущІафэхэр, ахэр кьыщалъхуа кьуажэхэри, щІыпІэр иту. Нобэрей зэхуэсыр а Іуэхум и кьежьапІэу кьызэольтэри, ар адэкІэ зыгъэкІуэтэфын Тхьэм дищІ! Ди мурадщ псапащІэ фонд кьызэдгъэпэщыну, абы щызэхуэтхъэс мылтькумкІэ зыхуэзфІэмыкІхэм, дзхуэхахэм дадэІэпыкъун, щІэблэщІэу кьытхэжаныкІхэм защІэдгъэкъуэн папщІэ.

Беслъэн теухуа фильм

Пэш нэхъыщхьэм кьыщеубгъуэха экранымкІэ къаГэлъэгъуащ КъБР-м и Дэфтэр хьуманІэм и зы кьудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа Кьармэ Руслан зэхуихьэсыжа тхыгъэхэмрэ суэтхэмкІэ зэхагъэува, 1897 гъэм Зеикъуэ кьуажэ кьыщалъхуа, Даутокъуэ Заурбэч и дзэм хэта, зауэлІ хахуэ Ует Беслъэн Джырандыкъуэ и кьуэм теуха фильмыр.

Беслъэн 1935 гъэм дыгъэгъаззм и 22-м, властым и бийуэ ямылъытари, тІэкъунчІэ ирадзазуэ щытащ. 1989 гъэм дыгъэгъаззм и 20-м, РСФСР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Президиумым кьыщта унафэм ипкъ иткІэ, Беслъэн зэрагъэкъуэншауэ щыта псори щхьэщхьажащ.

Чысэ гъэщІэгъуэн, тхылъ телъыджэ

Утыкум кьыщыпсэлъащ Уетхэ я пхъурылъху зэкъуэшхэу Шурдымхэ Борисрэ Хьэсэнрэ.

Хьеймащэ щыпІэм, абы кьедза хъупІэхэр зэщІигъэуІуэу щыІэ хэщІапІэм (штабым) и тхьэмадэ Шурдым Борис зэхуэсым кьаритащ къэбэрдеипщ Хьэтіохьущокъуэхэ кьабгъэдэкІауэ щыта, уагъэ гъэщІэгъэнэхэмкІэ гъэщІэрэщІа чысэ телъыджэр.

Абы и къуэш, КъБКЪУ-м и ветеранхэм я советым и унафэщІ, МВД-м запасым щыІэ и полковник Шурдым Хьэсэн Уетхэ тыгъэ хьахуищІащ щІэныгъэлІ Гъуэздэжэ МафІэдз Сэрэбий «Адыгэ хабзэ» и тхылъ телъыджэу иджыблагъэ кьыдагъэкІыжар.

Зэхуэсыр нэхъри зыгъэдэхаэр

Пшыхьыр гукъинэж зыщІа Іуэхугъуэхэм ящыщщ, ар уэрэд, макъыамэ зэдхэсхэмкІэ гъэнщІауэ зэхэсыгъэ. Апхуэдэу, зэхьихьэр нэхъри яГэдэхащ ди республикэм фІыуэ кьыщацІыху артист цІэрыІуэ Хьэхъупащ Амырхъан-нэхъыщІэм, Сирием кьикІыжахэм я щІэлбэр, илъэс 12 зи ныбжь Уэтей Хьэзэм сымэ, нэгъуэщІхэми яГэзэщІа уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмкІэ.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн
ейщ.

● Лъэпкъ зэхыхьэ

Уетхэ зылІ и бын хуэдэщ

Уетхэ я щІэблэр.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, Тыркуми щыІэщ ди лъэпкъэгъуэр. Ислъэ зыбжанэ ипэкІэ Сириием къиІэпхъуКІыжащ Уэтей унэцІэ зезыхьэ унагъуитІ. Ахэр Благовещенскэ жылэм дэсщ. А къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм теухуауэ нэгъуэщІ хьыбар мызыгъуэгукІэ диІэкъым. Ди мурадщ, «Уетхэ я лъэпкъ зэгухьэныгъэ» фІэтащу, нобэрей ди зэхуэсым щыхэтхыну гупым я щэкІэ, Тыркуми Сириеми лъэІу тхылъэр яхуедгъэхьыну, Уетхэ (Уэтейхэ) ехьэлІауэ а лъэныкъуэмкІэ щыІэ хьыбархэр тхуэзэхуахьэсыжьфын хуэдэу.

Ауэ, итІани, дэфтэр хьуманІэхэм кьыщыдгъуэтыжа тхыгъэхэм ятетщІыхьымэ, Ует унэцІэ зезыхьэхэм я щІэдзапІэр 1740 гъэм къэнэуауэ Сэлихь деж къыщожьэ. Абы къуиплІ иІащ: Исхьэкъ, Мэстафэ, Увыж, Льостэнбий сымэ, - жиІащ зэхьихьэм и зэхэшакІуэ пажэм.

Адэкіэ, Ует Шыхьбан кьрибжэкІащ езыр кьызэхэкІа Ілакъуэм щыщу революцэм ипэкІэ къэрал Іуэхуэм жыджэру хэтахэм, совет властыр къэунэуауэ иужькІи ди республикэм, зэрыщыту къатщтэмэ, УФ-м Іуэхуфі хуэзылэжьахэм, нэгъуэщІ лъэныкъуэхэмкІи кьыхэжаныкІахэм я цІэхэр.

- Апхуэдэу, Налшык округым хьихь Іслъэмей и кьуажэм 1883 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м Ует Джырандыкъуэ кьуажэ судьям и кандидату хахауэ щытащ. 1914 гъэм, дзэм ираджэри, Къэбэрдей полкым хагъэхьащ Ует Мысост ФІыцІэ и кьуэр, - кьыпищащ адэкІэ Шыхьбан. - Ует Къарней Джырандыкъуэ и кьуэр лакъуэм и зы кьудамэм и къежьапІэщ. Акъыл жан иІэу, цІыху хэтыкІэ ищІэу, гушыІэ ин бгъэдэлъу, бынфІэу щытащ икІи гъащІэ узыншэ кІигъэщІащ абы. Зеикъуэ кьуажэ дэсхэм ноби Къарней и цІэр фІыкІэ ягу кьагъэкІыж, и сэмэркъо

Уетхэ я щІэблэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэ, «Заман» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэ, журналист цІэрыІуэ Аттаев Жэмал Жэбир и къуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Къэрэшей-Шэрджэсым щыхь зиІэ и журналист, ди республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр - зыхуагъэфэща, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жэмал Жэбир и къуэм и ныбжьыр нобэ илъэс 75-рэ ирокъу.

● Хъуэхъухэр

ПщІэрэ щІыхьрэ зиІэ

ЛъэпкЪ журналистикэм и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа Іэщ Іагъэлі щыпкъэхэм ящыщщ Аттаевыр. Хамэ щІыналъэ жыжьэм, Къыргызыз ССР-м и къыщалъхуа щІалэм Къэзахъстаным и къалащхьэ Алма-Ата щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ, иужькІи и зэфІэкІхэм щыхигъэхъащ Естественнэ щІэныгъэхэм я академиеу КПСС-м и ЦК-м и нэІэм щІэтулажьэм. ЗэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъу гу зылъата Аттаевым Къэзахъстаным дзыхь къыщыхуащІащ икІи къызыхуэтыншэу щрихьэкІащ къулыкъу лъагэхэр. Илъэс 40 ипэкІэ абы къигъэзэжащ и адажь хэкум икІи абы лъандэрэ зэрыпсэуну парт, къэрал, жылагъуэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым. Ар щытащ Тырныауз къалэм къыщыдзкІ «Горняцкая слава» газетым и редактору, КПСС-м и Тырныауз къалэ комитетым и къудамэм и унафэщІу, партым и обкомым и къудамэм и Іэтащхьэу, КъБР-м къэрал щІыб зэпыщІэныгъэхэмкІэ и министрым и апэ къуэдзэу, Іуащхьэмахуэ районым и тхьэмадэу, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу. Илъэс 21-рэ хъуауэ Жэмал «Заман» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэщ. Ди щІыналъэм пщІэрэ щхьэрэ щызиІэ къэрал, жылагъуэ, политикэ лэжьакІуэшхуэр КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэщ, КъБР-м щІыхуэм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэм къепхауэ лажьэ эксперт советым, КъБР-м и Іэтащхьэм деж щыІэ Жылагъуэ советым хэтщ.

Ди къэралми, республикэми я хэкупсэ нэс, абыхэм я зыужьныныгъэмрэ еФІэкІуэныгъэмрэ зи кьару хэзылъхьэ, іьпэкъ зэгурыІуэныгъэм и телъхэ, Іэщ Іагъэлі нэс Аттаев Жэмал Жэбир и къуэм дохъуэхъу и пщІэр лъагэу, узыншагъэ быдэ иІэу, унагъуэ насыпым щымышІыу псэуну, ди щІыналъэм, къызыхэкІа балъкъэр лъэпкъым иджыри куэдрэ хуэлэжьну.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцІэр.

Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэ, «Заман» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэ, журналист цІэрыІуэ Аттаев Жэмал Жэбир и къуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ.

Ди лэжьэгъум дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иІэну, и зэфІэкІым хигъахъуэ зэпыту мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэнатіэхэм иджыри куэдрэ пэрытыну.

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэ.

ЩIэныгъэм и лъагапIэхэм нэса адыгэлI 75

Лъэпкъ гупсысакIуэ

ЦIыху акъылыфIэм и зэфIэкIхэр гъунапкъэншэщ. Апхуэдэм хуэфэщэн IэщIагъэ игъуэтмэ, абы и щэхухэр къэхутэным, зэгъэщIэным еши псэхуи имыщIэу елэжьынущ, ищIа мурадхэри, сыт хуэдэ гугъуехьхэр Iуэхум хэмылъми, зригъэхъулIэнущ. Ди лъэпкъым къыхэкIащ дыззрыпагэ апхуэдэ цIыху щэджащэ куэд. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ нэхъыщхьэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гъут Iэдэм.

ДЕСЭЖАУЭ, нэсу демыгупсыс, тфIэмыгъэщIэгъуэныж щхьэкIэ, ди лъэпкъым и щIэныгъэлI нэхъыжь махуэхэр къызыхэтэджыкIа гъащIэмрэ абыхэм иужькIэ зыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэмрэ зэплъытыныр икъукIэ гъэщIэгъуэнщ. Абыхэм щIэныгъэ куу къызыщIахын еджапIэ я зэманым хэкум итакъым, зи Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI егъэджакIуи зэджэн тхылъ къудеи яIакъым, тетрадь, къалэм, шакъэ дыдэхэр ямыгъуэту зэрыщытам и гугъу умыщIыххэми. Зи еджэгъуэр, щIалэгъуэр зауэ нэужь шэджэладжэхэм хиубыда Гъут Iэдэми абы и ныбжьхэми къуажэ еджапIэм щIэныгъэ куу къахущIэхынкIэ Iэмал яIакъым, зыхуей-зыхуэныкъуэхэр зымащIэкIэ абы щыгъуэ нэхъ гъуэтыгъуафIэ хъуа пэтми. ЕджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьа нэужьщ абыхэм щIэныгъэ нэс щызрагъэгъуэтыфар. Ари зи фIыгъэр а щIалэхэм къалъыкъуэкIа ерыщагъырщ, къыхаха IэщIагъэм и щэхухэр къахутэным я зэмани гугъуехьи емыблэжу яужь зэритарщ.

Зауэ нэужь лъэхъэнэхэм лъэпкъ щIалэгъуалэм я дежкIэ тынштэкъым IэщIагъэ яхуэхъунур тэмэму къыхахынри. Чэнджэщ пэж къезытын зэрыщымыIэм къыхэкIкIэ, ахэр жакъуэу я псэм дэмыхьэ IэщIагъэ къыщыхах, лейуэ зэман куэд щафIэкIуэд къэхъурт. Апхуэдэ щIэщхъу къызыщыщIахэм ящыщщ Гъут Iэдэми. Ар мэкъумэш лэжьыгъэхэм щыхурагъаджэ факультетым щIэтIысхьат, ауэ ар IэщIагъэ зэрыхуэмыхъунур къыщыгурыIуэжым, абы урысыбзэмрэ литературэмкIэ щыIэ къудамэм зригъэдзыжащ. ЕхъулэныгъэфIхэр иIэу университетыр къэзыуха щIалэщIэр и IэщIагъэм пIалъэ гуэркIэ ирилэжьащ, иужькIэ, и насып кърихьэкIри, щIэтIысхьащ Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт литературэ институт цIэрыIуэм и аспирантурэм. Абы щылажьэ щIэныгъэлI хьэлэмэтхэм я нэIэ щIэту илъэсищым нэблагъэкIэ ар елIэлIащ «Адыгэ нарт эпосым и поэтикэр» зыфIища и диссертацэм. Ар ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIри, и хэку къигъэзэжащ Гъутым. Абдежми Тхьэр къыхуэупсащ щIалэщIэм: Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым ар лэжьэгъу щахуохъу лъэпкъ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсынымрэ джынымрэ псэ хьэлэлу пэрыт адыгэ щIэныгъэлI гъуэзэджэхэу Шортэн Аскэрбий, КъардэнгъущI Зырамыку, ГъукIэмыхъу Iэбубэчыр, Нало Заур сымэ.

Абы лъандэрэ псы куэд ежэхащ, арщхьэкIэ Гъутыр нобэр къыздэсым щолажьэ а IуэхущIапIэм, къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр дапщэщи зэфIихыу, тхылъ щхьэхуэхэр къыдигъэкIыу. Iэдэм и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэ куэдым щIэныгъэ дунейм щытхъуушхуэхэр щыхужаIащ, мащIэкъым ахэр зи лэжьыгъэм къыщызыгъэсэбэпхэри.

Адыгэ лъэпкъым пхужымыIэну IуэрыIуатэ къулей, телъыджэ иIэщ, къежьапIэ абы хуэхъуари, и курыхри, и налкъутри Нарт эпосырщ. Ар дунейпсо лъэпкъ эпос цIэрыIуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи йохьэйохуэ, емыфIэкIмэ, къазэрыкIэрыху щымыIэу. Абы и мыхьэнэр, лъэпкъ IуэрыIуатэм щиубыд щIыпIэр пасэу къызыгурыIуа Гъут Iэдэми и кандидат, доктор диссертацэхэр абы трихуащ, нэгъуэщI и лэжьыгъэхэми тегъэщIапIэ яхуищIащ. И IэщIагъэм кууэ зэрыхищIыкIым, лъэпкъ щIэиныр хуэсакъыу хъумэныр, къызэтегъэнэныр и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр къызэрыгурыIуам и щыхьэту, щIэныгъэлIым а илъэсхэм гу лъетэ нэхъ пасэу, 1951 гъэм къыдагъэкIа «Къэбэрдей нарт эпосым» щаIэщIэкIа щыуагъэхэм ящыщ зым - ар лъэпкъым и цIыхухэм я деж щызекIуэ нарт пшыналъэхэм къазэрыщхьэщыкIым, къемызэгъыу зэрыхэлэжьыхьам, «нэхъыфI» ящIын я гугъэу. И щхьэ течауэ ар хэIущIыIу пщIыныр къезэгъыщэртэкъыми, Iэдэм тегушхуэри нарт пшыналъэхэр цIыхубэм я деж зэрыщызекIуэм темыкIыу ахэр къыдигъэкIын щIидзащ. Абыхэм ящыщщ 1974 гъэм Москва къыщыдагъэкIыжа «Адыгэ лIыхъужь эпосыр», том зытIущ хъууэ 1981 гъэм Москва дунейм къыщытехьа «Адыгэхэм я цIыхубэ уэрэдхэмрэ IэмэпсымэмакъамэмрэI», 2012 гъэм Налшык къыщыдэкIа «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхылъхэр. А Iэмал пэжым тетщ щIэныгъэлIым иужьыIуэкIэ игъэхьэзыра «Адыгэ IуэрыIуатэм урыс-пащтыхь зауэр къызэрыхэщыр», «Къэбэрдей IуэрыIуатэм Хэку зауэшхуэр къызэрыщыгъэлъэгъуар» тхылъитIри.

Профессор Гъут Iэдэм

«Нарт» эпосым ныбжьышхуэ иIэщ, щIэныгъэлIхэм ар илъэс минищ ипэкIэ зэхалъхьауэ хуагъэфащэ. Апхуэдиз ныбжь иIэми, ар зи Iэдакъэ къыщIэкIа лъэпкъ усакIуэ-джэгуакIуэхэм художественнэ зэфIэкI мыкIуэщIыжхэр ябгъэдэлъащ, зэман дыдэр зыпэмылъэщ образ телъыджэ абыхэм зэрагъэпэщахэр нобэми мэпсэу, гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр ящIэлъщ, гъэпсыкIэ хьэлэмэтхэр ягъуэтащ. Адыгэ IуэрыIуатэм адрей и жанр зэхуэмыдэ иужькIэ зэфIэувахэм абы ижь уэр къащIихуащ, ар щапхъэ абыхэм яхуэхъуащ. ЛIыхъужь хэтымкIи, абы и къэгъэлъэгъуэкIэкIи, къыщыгъэсэбэпа художественнэ IэмалхэмкIи «Нарт» эпосым нэхъ пэгъунэгъуу ди IуэрыIуатэм хэтыр Андемыркъан и тхыдэ уэрэдхэрщ. Иджыри къыздэсым Iуэху ищIу ар зыми зэхимыгъэкIами, лъэпкъ IуэрыIуатэм и жанр псоми гугъущэ хэмылъу къыщыбгъуэтынущ нарт эпосым и лъэужь белджылыхэр. Нэхъ пасэу лъэпкъ IуэрыIуатэм елэжьу щIэзыдза щIэныгъэлIхэм гулъытэншэу къагъэнами, адыгэ нарт эпосым кууэ щыгъуазэ зыхуэзыщIа Гъутым къыгуроIуэ а тхыгъэ телъыджэхэм я ухуэкIэгъэпсыкIэр, хэт лIыхъужьхэм я образхэм я зэфIэгъэувэкIэр, пшыналъэхэм я сюжетхэм я ухуэкIэр, нэрылъагъу щохъу абыхэм къыщагъэсэбэпа художественнэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр. А псори я пIэ игъэзэгъэным, зэфIэхыным илъэс зэкIэлъыкIуэхэм пыухыкIауэ тхылъ зыкъом треухуэ икIи къыдегъэкI Гъут Iэдэм. IуэрыIуатэм елэжь щIэныгъэлI Iэджэм я щытхъу къалэжьащ Москварэ Налшыкрэ урысыбзэкIэ къыщыдэкIа абы и тхылъхэу «Адыгэ нарт эпосым и поэтикэмрэ типологиемрэ» (М., 1993), «Адыгэ эпосым и художественнэ хабзэхэр» (Налшык, 2000), «ЦIыхубэ эпосыр: хабзэхэмрэ иджырей зэманымрэ» (Налшык, 2010). А лэжьыгъэ купщIафIэхэр адыгэ IуэрыIуатэр, псом япэрауэ, лъэпкъ эпосыр джыным я хэлъхьэныгъэ хьэлэмэтщ. Абыхэм нэсу щызэпкърыхащ нобэр къыздэсым мыубзыхуауэ, зэхэмыгъэкIауэ щыIэ Iуэху зэфIэнахэр.

Дызэрыщыгъуазэщи, бгырыс лъэпкъхэр куэд щIауэ бэлыхь мыухыжхэм зэрыхэгъэтщ «Нарт» эпосым щхьэкIэ - дэтхэнэми жеIэ ар и лъэпкъым зэхилъхьауэ, нэгъуэщIхэми я Iуэху лъэпкъ хэмылъу. Апхуэдэ пцIыIуэпцIышэхэр къэзымыщтэ, зыфIэмыкъабыл щIэныгъэлIхэм ятх апхуэдэ икIагъэр щIэныгъэм и хабзэхэм къызэремызэгъыр, «шхыIэн зелъэфэным» пщIэи щIыхьи къызэрыпхуимыхьыр. А Iуэхум зэрыхущытыр игъэбелджылыуэ Гъут Iэдэм иужьрей илъэсхэм итхащ икIи къыдигъэкIащ «Адыгэ (шэрджэс) нарт эпосым и Iуэху нэхъыщхьэхэр» зи фIэщыгъэ тхылъ гъэщIэгъуэн. Абы щыгъэбелджылащ илъэс плIыщIым нэблагъэкIэ щIэныгъэлIыр зыхуэкIуа и гупсысэ нэхъыщхьэхэр. Iэзагъ хэлъу, фIэщ къыпщищIу Iэдэм тхылъым щызэпкърихащ «Нарт» эпосым и лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я образхэр зэрызэфIэува Iэмалхэр, абыхэм ящIэлъ гупсысэхэр, пшыналъэхэр зытещIыхьа зэпэщIэувэныгъэхэм я гъэпсыкIэхэр, лъэпкъ IуэрыIуатэм литературэм и адрей и жанрхэм пыщIэныгъэу яхуиIэр, нэгъуэщIхэри. Тхыгъэм щIэлъ гупсысэхэм я кууагъым, зэрытха бзэ къулейм я гугъу умыщIми, щIэныгъэлIхэм я мызакъуэу, ар лъэпкъым и дэтхэнэ цIыхури фIэгъэщIэгъуэну зэджэн тхылъщ.

Тхьэр фIыгъуэкIэ зыхуэупса цIыхум зэIусэм псэ хелъхьэ, зэфIэкI мыкIуэщIхэр зэрыбгъэдэлъыр сыт хуэдэ Iуэхуми къыщегъэлъагъуэ. IуэрыIуатэдж IэкIуэлъакIуэу зэрыщытым къыдэкIуэу, Гъут Iэдэм художественнэ тхыгъэхэр къэгъэщIыныжымкIи зэфIэкI лъагэ зэрыбгъэдэлъыр куэд щIауэ къигъэлъэгъуащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ рецензэ куэд, адыгэ тхакIуэхэм я тхыгъэхэри урысыбзэкIэ зэредзэкI. КъинэмыщIауэ, иужьрей илъэсхэм дунейм къытехьа тхылъ куэдым ар я редактор нэхъыщхьэщ. Iэдэм апхуэдэуи жыджэру хэтщ лъэпкъ еджапIэхэм папщIэ программэхэр зэхэзылъхьэхэм. Абы и унафэм щIэту кандидат, магистр диссертацэхэр аспирантхэмрэ студентхэмрэ ятх.

ЗэманыфI щIауэ Гъут Iэдэм къэбэрдей литературэми щолажьэ, абы и тхыгъэхэр пIалъэпIалъэкIэрэ газетхэмрэ журналхэмрэ бзитIкIэ къытохуэ, радиомрэ телевиденэмкIэ къат. ТхакIуэм и япэ тхылъым - «Дэбагъуэ» (1988) - щызэхуэхьэсащ абы и рассказхэмрэ новеллэхэмрэ. Нэхъыбэу ахэр зытеухуахэр иджырей гъащIэрщ, ди цIыхухэм я зэхэщIыкIырщ, абыхэм я Iуэху еплъыкIэхэрщ, хъуэпсапIэрэ гугъапIэу яIэхэрщ. ТхакIуэм и новеллэхэр тхыдэм, IуэрыIуатэм нэхъ тещIыхьащ, нэхъыбэуи зи гугъу щыщIар иджырей цIыхухэр шыгъушыпсыпIэм хэзыгъэлъ, зыри зыхуемыщIэ Iуэху шэщIахэрщ.

Нобэ зи махуэр дгъэлъапIэ Гъутыр, и цIэр игъэпэжу, цIыху зэпIэзэрытщ, къызэрыгуэкIщ, темылъ и щхьэм трилъхьэркъым, и мыIуэху зэрихуэркъым, нэгъуэщIхэм яхуэпсалъэркъым, сытым щыгъуи егугъупэу, хэгупсысыхьауэ и къалэныр егъэзащIэ. Лейуэ, пщIэншэу абы зы сыхьэти игъэкIуэдыркъым - щылажьэм ар жэщи махуи и кабинетым щIэсщ, зыгъэпсэхугъуэ зэманхэм и дачэр зыхуей хуегъазэ, къыщимыгъэкI щымыIэу. Илъэс бжыгъэ гуэрхэр зыкIэримытхамэ, апхуэдэ ныбжьи абы пхуетынукъым, и щIалэгъуэм хуэдэу, ар иджыри IэпсынщIэлъэпсынщIэщ.

Ди лэжьэгъум, ныбжьэгъу гуапэм ди гумрэ ди псэмрэ къабгъэдэкIыу дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэу къигъэщIам хуэдиз ди щхьэщыгум итым иджыри къыхупищэну, зыхилъхьэ щымыIэ ипхъу Ланэ куэдрэ щхьэщытыну, иджыри къыздэсым хуэпэжу зыхуэлэжьа и лъэпкъым дяпэкIи хузэфIэкI псори хуищIэну.

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор,
ХЬЭКIУАЩЭ Мадинэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

Гъут Iэдэм и вагъуэр куэдрэ тхуреблэ!

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институткIэ дызэджэм, япэм щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт цIэр зезыхьэу щытам, и ныбжьыр илъэс 90-м щIигъуащи, хабзэ зэрыхъуауэ, абы и гугъу зыгуэрым кърагъэжьамэ, къедаIуэхэм языхэзыр Iэмал имыIэу къыподжэж, «а-а, мор щылажьэр ара жыхуэпIэр?» жеIэри. «Морыр», лъэхъэнэ щытепсэлъыхьым елъытакIэ, зыбжанэрэ зэблахъуа цIэ-унэцIэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, езы институтым нэхърэ нэхъ я нэIуасэу, цIыхухэм я деж нэхъ щыцIэрыIуэу а IуэхущIапIэм дапщэщи лэжьакIуэу иIащ. Хэт сымэт ар жыпIэу укIуэцIрыплъыжмэ, гъэщIэгъуэн гуэр къыщIощ: къызэрыщIэкIымкIэ, ар дапщэщи адыгэ IуэрыIуатэм елэжьхэм ящыщауэ къыщIокI, Шортэн Аскэрбий деж щегъэжьауэ ди нобэм къэсыху. Аскэрбий къилэжьа пщIэмрэ щIыхьымрэ адэкIэ яIэтащ КъардэнгъущI Зырамыкурэ Нало Заурэ, а тIум яужькIэ а къалэныр зи пщэ къыдэхуар Гъут Iэдэмщи, шэч лъэпкъ хэмылъу, мы зэманым ар институтым и «вагъуэ» нэхъ ин дыдэщ и щIэныгъэкIи, и IэужькIи.

IЭДЭМ и «вагъуэр» къызэрыщIэкIрэ зэманыфI дэкIащ, абы и щIалэгъуэ дахэу 1970 гъэхэм «ХьэщIэщ» нэтыныр телевиденэмкIэ иригъэкIуэкIын щыщIидзарщ абы и къежьапIэр. «Къэбэрдейр зэрыщыту экраным бгъэдэсащ ар щекIуэкIым», - жыпIэмэ, ущыуэну си гугъэкъым. Абы а псори къыдихьэхыфат щIэщыгъуэ ящыхъу, зэи зэхамыха хъыбархэр бзэ гурыIуэгъуэ дахэкIэ я пащхьэ ирилъхьэурэ. Абы лъандэри Гъутыр телевиденэми радиоми ядолажьэри, жиIэм а щIэщыгъуагъэр, гъэщIэгъуэнагъыр хэлъ зэпытщ, мыдэкIэ газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыу къытрыригъадзэ тхыгъэхэми ахэр я нэщэнэщ. ЩIэныгъэлI «гъущэу» кабинетым щIэмысу цIыхубэм я пащхьэ зэрит зэпытым, дауи, къимышэнкIэ Iэмал иIэтэкъым Iэдэм и цIэрыIуагъэр.

Сэ сызэреплъымкIэ, дэтхэнэ зыми, псом хуэмыдэу интеллигенту зызыбжыжым, и гъащIэри и IуэхущIафэри япэу зытриухуэн хуейр къызыхэкIа и лъэпкъырщ, абыи нэхъ игъэпэжапхъэр апхуэдэ и цIыхухэрщ. Iэдэм сэ илъэс плIыщIым нэблэгъауэ сыдолажьэри, а жыхуэсIэ дуней еплъыкIэм щытекIа зэи срихьэлIакъым: япэрауэ, езыр щхьэкъэмыIэту адыгэ лъэпкъым хуолажьэ, мыдэкIи лъэпкъыпсэу къытхэкIахэм я гуащIэдэкIыр утыку къилъхьэнымкIэ, абыхэм я фIыщIэр имыгъэкIуэду яхуэфащэ пщIэ яхуэщIыжынымкIэ хузэфIэкI къигъанэркъым. Ар ирeIуэрыIуатэдж, иретхакIуэ-усакIуэ, иретхыдэдж, иребзэщIэныгъэлI е иренэгъуэщI IэщIагъэлI - си фIэщ хъуркъым, мащIэми куэдми, лъэпкъым зы фIы гуэр хуэзылэжьахэм ящыщу Iэдэм и гулъытэ зылъэмыIэса къэнауэ. Нэхъыжьхэр иIэту, нэхъыщIэхэр игъэгушхуэу, абыхэм защIигъакъуэу, иунэтIу, псалъэ гуапэкIэ фIэрафIэу, фэрыщIагъи фыгъуагъи хуэхейуэ - аращ Iэдэм и дунейтетыкIэр.

Гъутыр IуэрыIуатэдж къудейкъым, ар икIи литературэджщ, тхыдэджщ, хабзэджщ, кIэщIу жыпIэмэ адыгэм ехьэлIауэ щыIэ щIэныгъэ псоми хэлъхьэныгъэфI хуищIащ, иджыри хуещI. Сэ нэхъ къызэгъэщIылIа бзэщIэныгъэмкIэ укъэIэбэмэ, Гъутым дэ къытхуищIари мащIэкъым. Япэхэми мызэ-мытIэу и гугъу сщIами, иджыри къытезмыгъэзэжу схуэшэчынукъым абы зэмануи, къарууи куэд зытригъэкIуэда лэжьыгъэшхуэм - тхыбзэ дыщимыIа лъэхъэнэм алыфбей зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ адыгэбзэкIэ къыдагъэкIауэ щыта тхыгъэхэр ди нобэрей пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкIэмрэ иригъэзэгъэжу тхылъу къыдигъэкIыжам. Ди бзэм и тхыдэр зыджыж дэтхэнэми и пащхьэ имыкIыу илъ дэIэпыкъуэгъу пэж хъуащ мыр. А къалэн дыдэр ягъэзащIэ Iэдэмрэ и лэжьэгъухэмрэ дунейм къытрагъэхьэ IуэрыIуатэ къулейми - жьы хъууэ бзэм хэхужа псалъэхэри жыIэгъуэхэри, щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къыщагъэсэбэп диалект псалъэхэри абыхэм къахыдогъуатэ. Абыхэм я мыхьэнэр зэфIэгъэувэжынри гугъу хъунут, Гъут Iэдэм ари зэхиху япимытхэжу щытамэ.

ИтIанэ нэгъуэщI зы лъэныкъуи къыхэзгъэщынут. Бзэм зэрызиужьым и нэщэнэхэм ящыщщ абы стиль щхьэхуэхэр щызэфIэувэныр. Уэршэрыбзэм къыдэкIуэу бзэ лъэрызехьэхэм апхуэдэ стиль зыкъом яIэщ. Адыгэбзэри аращ, икIи мыбы нэхъ щефIэкIуауэ убж хъунущ публицистикэ, щIэныгъэ стилхэр. Абы и фIыщIэшхуэ хэлъщ Гъутым. Публицистикэм ар зэрыщыжыджэрым ищхьэкIэ сыщытепсэлъыхьащ, мыдрей «щIэныгъэбзэми» Iэдэм хуэдэу хуэIэрыхуэ уигъэлъыхъуэнщ. Адыгэ щIэныгъэбзэр езыр нэхъ зытещIыхьар гуманитар унэтIыныгъэхэрщ, псом хуэмыдэу ар нэхъ щызэтеуващ IуэрыIуатэм, литературэм ехьэлIауэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм, нэхъ мащIэу - бзэщIэныгъэ, тхыдэдж жыхуэтIэхэм. Абыхэм лъабжьэ быдэ яхуэхъуа Нало Заур, Сокъур Мусэрбий сымэ къраупщIа мардэм лъэщу къыхигъэхъуащ Гъутым. ИтIанэ бзитIкIэ - адыгэбзэкIи урысыбзэкIи - а Iуэхум Iэдэм хуэдэу хуэIэрыхуэ къэгъуэтыгъуейщ. «Iэдэм и урысыбзэр!» - жаIэу абы и ныбжьхэри нэхъыжьыIуэхэри къехъуапсэу зэрыщытар сощIэж. Бзэр усабий щIыкIэ зумыгъащIэмэ, иужькIэ къэпщтэжыну гугъущ. Iэдэм и сабиигъуэр Урысейм щигъэкIуэн хуей хъури, и бзэри пасэу а зыхэсахэм ейм хуэкъута хъуат, мыдэкIи и адэ-анэм, иджырей адэанэхэм ящыщ зыкъомыфIым ещхьу, «урысыбзэ щищIэкIэ, адыгэбзэм сыткIэ хуей?» жамыIэу, я къуэм анэдэлъхубзэри Iуралъхьэжат. Дауи, балигъыпIэ иува нэужьи бзитIымкIи иIэ зэфIэкIхэм зэпымыууэ хигъэхъуащ. Иджыпсту, зэрыжытIащи, абыхэмкIэ хэти щапхъэ хуэхъуфынущ.

Iэдэм и «шыфэлIыфэр» зэрыхуэфэщэн хуэдизу сэ фи пащхьэ ислъхьэфынукъым. Шэч къызытезмыхьэжыращи, япэIуэкIи абы зэрыхужысIауэ щытащи, адыгэм пщIэрэ щIыхьу лIэщIыгъуэкIэрэ зэрагъэпэщам зэрыхигъэхъуэным, зэриIэтыным щхьэузыхь зыхуэзыщI зы лъэпкъыпсэ нобэ къытхэтмэ, абыкIэ псом япэ итхэм яхэтщ Гъут Iэдэм.

Ныбжь дахэу нобэ уздынэсам Тхьэм къыпхупищэну, уи гуащIэми уи гукъыдэжми хэмыщIу дяпэ куэдрэ уитыну сынохъуэхъу, Iэдэм!

БИЩIО Борис,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, Гуманитар институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

Апхуэдэ диIэкъым

Адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыныр, къытедзэныр, джыныр XIX лIэщIыгъуэм къыщIадзауэ щытащ. А лъэхъэнэми Хэку зауэшхуэм ипэ къихуэ илъэсхэми мы Iуэхугъуэхэм ехьэлIа лэжьыгъэфIхэр ирагъэкIуэкIауэ жыпIэ хъунущ. Ауэ, псом хуэмыдэжу мы щIэныгъэ къудамэм зыужьыныгъэшхуэ щигъуэтауэ къэлъытапхъэр XX илъэсищэм и етIуанэ Iыхьэрщ. Абы щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуахэм ящыщ зыщ нэхъ пасэу щIэныгъэм къыхыхьэу ар зищIысыр къызыгурыIуа, абы «ипсыхьа» IуэрыIуатэдж зыбжанэ а зэманым зэрырихьэлIамрэ псалъэ гъуазджэм гу хуэзыщIа, ар джыным зи гуащIэр псор тригъэкIуэдэну хуэхьэзыр щIалэгъуалэ абыхэм къазэрыгуэувамрэ. Шортэн Аскэрбий, Къардэнгъущ Зырамыку, Нало Заур - мыбыхэм я цIэ къудейм къегъэлъагъуэ а лъэхъэнэм ди лъэпкъ щIэныгъэм игъуэта къарум и инагъыр. 70 гъэхэм абы къахыхьащ Гъут Iэдэми.

IЭДЭМ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым (иджы - ИГИ КБНЦ РАН) къыщыкIуам, лэжьыгъэшхуэ щIа, IуэхуфI куэд зэфIэха хъуат, ауэ къэнари нэхъыбэжт. Япэрауэ, нэхъ пасэу зэхуахьэсыжа IуэрыIуатэм нэмыщI нэгъуэщIи къызэрынам шэч къытрахьэртэкъыми, а Iуэхугъуэм къыпыщэныр Iэмал зимыIэхэм ящыщ зыуэ къалъытащ, зэрагугъэауи къыщIэкIащ: 70 - 90 гъэхэм кърахьэлIахэм институтым и архивым щIэлъхэм я бжыгъэми я фIагъми хигъэхъуащ. АбыкIэ къыжытIэну дызыхуейращи, Iэдэм сымэ мыхъуатэмэ, нобэ дызэрыгушхуэу зетхьэ ди IуэрыIуатэ къулейр иджыпсту хуэдэу ирикъуу зэрыщымытынум шэч хэлътэкъым. Iэдэм итхыжахэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я фIагъыр къэзыгъэлъагъуэр я бжыгъэ къудейркъым. Абы кърихьэлIахэм яхэтщ щIэныгъэлIхэм щыIэу ипэкIэ ямыщIа хъыбар, псысэ, уэрэд куэд. Апхуэдэ дыдэу ущрихьэлIэ щыIэщ, IуэрыIуатэхэкIыр цIэрыIуэу щытми, и бзэкIэ, адрей вариантхэм къахэмыщ образхэмкIэ, мотивхэмкIэ, сюжетхэмкIэ нэхъ къулейуэ. Ар хущIэкъуащ щитхыжа щIыпIэм щызекIуэ псэлъэкIэр хъумэнми. А псом къыдэкIуэу, Iэдэм гулъытэншэу къигъэнакъым жыIэжакIуэхэм я къэIуэтэжыкIэм бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэри: я псэлъэкIэр, я зыщIыкIэр, я нэгум зэрызихъуэжыр - ахэр щхьэхуэу итхауэ ди институтым и архивым хэлъщ. Ахэр икъукIэ сэбэпышхуэ хъунущ IуэрыIуатэм и зехьакIуэхэм я творчествэхэр щаджкIэ.

ЕтIуанэрауэ, апхуэдиз илъэс бжыгъэкIэ къаугъуея IуэрыIуатэр жанр и лъэныкъуэкIэ зэщхьэщыгъэкIын, тхылъу къыдэгъэкIын хуейти, абы щыгъуэми Iэдэм псэемыблэжу мы Iуэхум хэлэжьыхьащ. Пэжщ, ипэкIи ахэр щызэхуэхьэса сборник зыбжанэ дунейм къытехьат. Ауэ, «Зэманым декIуэр лIыфIщ» - жыхуаIэращи, ахэр щытын хуейт зэпымыууэ зызыуж, зызыуэзэщI щIэныгъэм къезэгъыу, абы и хабзэхэм къитIасэу. Абы щыгъуэми щIэныгъэлIым и зэфIэкIыр наIуэ къэхъуащ. Мы гъэм илъэс 40 ирокъу Алий Аллэ, Гъут Iэдэм сымэ зэхалъхьа, XIX - XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм къытрадза IуэрыIуатэр зэрыт япэ тхылъыр дунейм къызэрытехьэрэ. Нобэр къыздэсым абы и мыхьэнэр кIуэдакъым, зы IуэрыIуатэджи ар къимыгъэсэбэпауэ блэкIыркъым. Апхуэдэщ тхылъым и етIуанэ томри, Цагъуэ Нурий зэхуихьэсыжа IуэрыIуатэр къыщызэщIэкъуари, Нало Заур щIыгъуу игъэхьэзыра Къэзанокъуэ Жэбагъы и хъыбархэр щызэхуэхьэсари, «Пащтыхь зауэжьым и зэманым къежьа адыгэ уэрэдхэр» тхылъри, нэгъуэщI куэдри. Iэдэм и гуащIэ хэлъщ «Адыгэ уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ» жыхуиIэ къыдэкIыгъуэхэр (1 - 4 томхэр) гъэхьэзырынми. Нобэми зэпымыуауэ ар мы Iуэхугъуэм толажьэ. Iэдэм и нэIэ тету IуэрыIуатэр зыдж къудамэм егъэхьэзыр нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ къыщызэщIэкъуа тхылъхэр. 1 - 2-нэ томхэр дунейм къытехьащ, ещанэр мыгувэу хьэзыр хъунущ. Мы гъэм къыдэкIын хуейщ тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосым и япэ томыр, Андемыркъан ехьэлIар. Абыхэм лэжьыгъэу ехьэлIахэр - хъыбархэр, уэрэдхэр къызэрыхэщыпыкIын хуейри, зэкIэлъыхьа, урысыбзэкIэ зэдзэкIа зэрыхъунури, еIуэтэлIапхъэхэм я щытыкIэнури - псори зыубзыхуар, абыхэм теухуа къэхутэныгъэ езыгъэкIуэкIар Iэдэмщ.

IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынри, ар тхылъым иту къыдэгъэкIыжынри Iэмал зимыIэхэм ящыщт. Ауэ абыхэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхат къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыныр. Гъут Iэдэм институтым 1975 гъэм къэувауэ щытащ. Абы аспирантурэм щыщIэсар хэплъхьэжмэ, ар щIэныгъэм и гъуэгум зэрытеувэрэ илъэс 50-м нэблагъащ. А зэманым къриубыдэу абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэу 300-м нэблагъэ. Абыхэм яхэтщ монографиеу 5, и статьяхэр щызэхуэхьэсащ тхылъи 4-м. Мыбдежми къэлъытапхъэр бжыгъэм и закъуэкъым. Iэдэм и Iэдакъэ къыщIэкIахэм яхэткъым щIэныгъэм дежкIэ мыхьэнэ зимыIэ. Адрей псоми я гугъу умыщIми, адыгэ эпосыр къежьэным лъабжьэ хуэхъуам, зэрызиужьам, зэрызэхэт мотивхэм, сюжетхэм, абы дызыщрихьэлIэ образхэм, и бзэм и къулеягъым, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдми теухуауэ абы къихута къудейр сыт и уасэ?! Ауэ абыкIи зэфIэкIакъым. Ди IуэрыIуатэм жанр хэту къыщIэкIынкъым Iэдэм щIимыджыкIарэ зытемыпсэлъыхьарэ. Къыхэгъэщыпхъэщ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ я зэпылъыпIэ лъэхъэнэм ехьэлIауэ щIэныгъэлIым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэри. Мыхэр куэд мэхъу. Дэтхэнэ зыми щхьэхуэу дытемыпсэлъыхьыфми, псоми зэдайуэ абыхэм зы щытыкIэ яIэщ: Iэдэм и лэжьыгъэхэмкIэ япэ къита щIэныгъэлIхэм я гупсысэхэм зригъэужьащ, икIи зыми гу зылъимыта Iуэху еплъыкIэщIэ куэд къыхилъхьащ, нэхъыщхьэращи, ди IуэрыIуатэдж щIэныгъэр иджырей зэманым здынэса лъагапIэм хуишэфащ. И къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ Iэдэм зыхуэкIуа гупсысэхэр адыгэ щIэныгъэлIхэм я мызакъуэу Кавказым ис адрей лъэпкъ щIэныгъэрылажьэхэми къагъэсэбэп, я лэжьыгъэхэм хуэфащэ убыдыпIэ щыIыгъщ, лъабжьэ быдэ яхуохъу. Абы и «Поэтика и типология адыгского нартского эпоса» (1993), «Этюды о кавказском этикете» (1998), «Художественно-стилевые традиции адыгского эпоса» (2000), «Народный эпос: традиция и современность» (2009) тхылъхэр Урысейм и дэнэ щIыпIи щызэлъащIэсащ, хамэ къэралхэми къыщацIыху. Мы иужьрейм и щапхъэщ 2013 гъэм «Адыгский эпос. Мотивы, типы, образная система» тхылъыр Германием къызэрыщыдэкIар.

Iэдэм щIэныгъэлI къудейкъым, ар икIи тхакIуэщ (УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэтщ), егъэджакIуэщ, щIэблэщIэм я гъэсакIуэщ. Шортэн Аскэрбий и цIэкIэ къызэригъэпэща семинарыр мазэм, мазитIым зэ ирегъэкIуэкI, лекцэхэм къыщоджэ, апхуэдэ щIыкIэкIи и щIэныгъэр щIалэгъуалэм ябгъэделъхьэ. Ар я щIэныгъэ унафэщIу куэдым кандидат, доктор диссертацэхэр пхагъэкIащ.

А псом къикIращи, ди лъэпкъ IуэрыIуатэр, литературэр, бзэр джа хъун папщIэ, Iэдэм хузэфIэкI къигъэнакъым, илэжьахэмкIи щIэныгъэр ипэкIэ зэригъэкIуэтам, гъуэгуанэщIэ зэрытригъэувам шэч лъэпкъ хэлькъым. А Iуэхугъуэхэр ноби зэпигъэуакъыми, дохъуэхъу апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ лъэпкъыр игъэгуфIэу, гуфIэгъуэр и унагъуэ имыкIыу, узыншэу куэдрэ ди япэ итыну!

БЫХЪУРЭ Мухьэмэд,
Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

И щхьэгъусэ ХьэIишэтрэ ипхъу Ланэрэ и гъусэу. *1994 гъэ*

Дагъыстэным щохьэщIэ. *2012 гъэ*

Си егъэджакIуэ

Нобэрей махуэшхуэр зей Гъут Iэдэм Мухьэмэд и къуэр, щIэныгъэлI Iэзэр, цIыху щыпкъэр, унэтIакIуэ, егъэджакIуэ схуэхъуауэ фIыщIэ зыхуэсщI цIыхухэм ящыщщ. Лъэпкъ IуэрыIуатэр зыджа щIэныгъэлIхэм уахэплъэмэ, Iэдэм и цIэр япэу къипIуэну зыхуэфащэхэм яхыболъытэ. Бгъэдэлъ щIэныгъэ куум, Iэзагъышхуэм, иригъэкIуэкI къэхутэныгъэ инхэм къапэкIуащ абы лэжьапIэ IэнатIэм, жылагъуэм щиIэ лъытэныгъэр.

АДЫГЭ IуэрыIуатэм, «Нарт» эпосым епха къэхутэныгъэ купщIафIэхэр зэфIиха нэужь, ахэр я лъабжьэу Гъутым бгъэдэлъ зэфIэкIым и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри лъэпкъ щIэныгъэм и хэлъхьэныгъэшхуэщ, уасэ зимыIэ хъугъуэфIыгъуэ инщ. КъинэмыщIауэ, Iэдэм и лъэужь нэхур хыболъагъуэ лъэпкъ литературэр джынми. ЩIэныгъэлIым и къалэмыпэм къыпыкIащ пасэрей адыгэ литературэм и къекIуэкIыкIам теухуа тхыгъэхэр, ПащIэ Бэчмырзэ, Агънокъуэ Лашэ сымэ я гъащIэмрэ я творчествэмрэ епхахэр. Гъутым бгъэдэлъ зэфIэкIым щIэныгъэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ. Абы и лэжьыгъэхэм яхэтщ щIэныгъэ-педагогикэ унэтIыныгъэ зиIэхэри, литературэ критикэу къалъытэхэри, художественнэ Iэзагъ зыхэлъхэри.

Сытемыпсэлъыхьу къысхуэгъэнэнукъым Iэдэм хэлъ цIыхугъэ иным, нэмыс лъагэм, зэхэщIыкI куум. ЦIыху щабэу, гуапэу, шыIэныгъэшхуэ бгъэдэлъу, дэIэпыкъуэгъу хуей дэтхэнэми зыщIигъэкъуэну хьэзыру дунейм тетщ ар. ЩIэныгъэлIым, къэхутакIуэм хэлъыпхъэ ерыщагъымрэ быдагъэмрэ зи гугъу сщIа хьэлщэн дахэхэр щIыгъужщи аращ Гъутыр щIэныгъэм и лъагапIэхэм щIынэсыфар, жылагъуэми пщIэшхуэ щIыщигъуэтар.

Си егъэджакIуэ щыпкъэм къыщалъхуа махуэмкIэ сохъуэхъу сигуми си псэми къабгъэдэкIыу. Узыншагъэ быдэ иIэу, гукъыдэж щымыщIэу, мураду иIэр къехъулIэу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу. ПщIэшхуэ пхудощI, Iэдэм.

КЪУДЕЙ Зинаидэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Жэрдэм

БАСТРЫКИН Александр:

Ядыгъуахэр къатехыжын хуейщ!

«Известия» газетым и лэжьакІуэм щепсалъэм Следственнэ комитетым и Іэтащхьэм жиІащ Уголовнэ кодексым Іуфхьэ къеІызыхэм яхуэгъэзауэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн хуейуэ къыззрилъытэр.

Депутат минищым щІигъу

«2011 гъэм къыщыщІэдзауэ судым хуедгъэхьащ коррупцэм гъэзащІыІа уголовнэ Іуэху мин 80.

Щхьэхуэу зыбгъэдыхьэ щІыху мини 5-м щІигъу ягъэхьэнщащ Іуфхьэ къыІахауэ. Абыхэм яхэтщ депутат мини 3...

Тезырхэр тралъхьащ Сахалин, Киров областхэм я губернатору лэжьакъэм, Карелие Республикэм и Іэтащхьэ щхьэм, Алтай крайм, Владимир, Вологдэ, Челябинск областхэм я Іэтащхьэхэм я къуэдзэхэм, Рязань областым и правительствэм и унафэщІым и япэ къуэдзэм, Пензэ къалэ думэм и тхьэмадэм и къуэдзэм, Забайкал крайм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым, Владивосток и Іэтащхьэм я гуфІыкъуэр зыІыІахэм».

Мылъку зытыжахэри яхэтщ...

«Коррупцэм ехьэлІа Іуэхуэр щызэхагъэкІыжмэ, ягъэкъуанщэхэм къыкъуахащ псори зэхэту сом меларди 2-м щІигъу и уасэ мылъку зэмылІэужьыгъуэхэр, сом мелард 1,6-рэ ирамыхылІэу езыхэм япшыныжащ.

Мы гъэм и мазищым Іуфхьэ къеІызыхахэм я мылъкуу сом меларди 5,3-рэ хъур зубыдащ».

Абы и закъуэкъым

«Уголовнэ кодексым и 44-нэ статьям хагъэхьэну къыхыдолъхьэ коррупцэ нэщэнэ иІэу зэрагъэпэща мылъкур къатехыныр. Ар ящІыгъужьхэм хуейщ Іуфхьэ къеІызыхахэм тралъхьэ нэгъуэщІ тезыр лІэужьыгъуэхэм».

УФ-м и Следственнэ комитетым и Іэтащхьэм нэгъуэщІ жэрдэмхэми я гуГъу ищІащ.

● Уасэхэр

Тхьэм фІым худигъэлъагъу!

Ди хэхъуэхэр зэрехуэхым, уасэхэр зэрыдэкІуейм апхуэдизкІэ десэжащи, хэбгъэзыхьмэ, абыхэм дапоплъэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, дощІэ бадзэуэгъуэ мазэм газым щІэттыр нэхъыбэ зэрыхъунур: апхуэдэу ягъэуваща «Гъэмахуэ зэманым щІыхухэм нэхъ къытехьэлъэнкъым» жаІэри. Ауэ а лъэхъэнэм, пхъэщхьэмыщхьэхэм я гъавэгъуэм фошыгъуэм и уасэр ди къэралым хуабжьу зэрыщхеухэар тельыджащэщ. ЗэрыжаІэщи, Тхьэм фІым худигъэлъагъу!

ИДЖЫ ар нэгъабэ и щэкІуэгъуэм елъытауэ процент 27,5-кІэ ди къэралым щынэхъ пудщ.

- Мы зэманым хъумапІэхэм щызэтрихьащ фошыгъу тонн мелуан 27-рэ. Ар зи Іэужьыр жэгунэ бэв кІыхь зэрырахьэлІамрэ Урысейм фошыгъу заводыщІэхэр зэрыщаухуамрэщ, - жеІэ «Совэхон» аналитикэ центрым и унафэщІ Сизов Андрей. - Урысей фошыгъуэ нэгъуэщІ къэралхэм кІуэри мащІэщ - абыхэм я деж щынэхъ пудщ Латин Америкэм щагъэкІа къамыл фом къыхэщІыкІар.

Араши, Урысейм зы фошыгъу килограммыр нэгъабэ икУ ину сом 37-рэ щиуасэу щытамэ, иджы сом 27-кІэ къыщыпщэхуфынущ. СлІэжь, унэгуащэхэр гуфІэнщ...

● ТекІуэныгъэ Инир илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу

Мамыр гъащІэм хэзагъэртэкъым

Жуков Георгий Хэку зауэшхэм хилъхьа гуащІэр зыхуэдизым хуэд щыгъуазэщ. Уеблэмэ, псори къыбжеІэ «ТекІуэныгъэм и Маршал» зэрыфІаща къудейм. Ауэ щІыхь къыхуащІу зэрыдрагъэкІуеям хуэдэ дыдэуи, зыбжанэри кърагъэхьжащ.

СЫТ щхьэкІэ? ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и ужькІэ, дззэшэхэм политик Іэзэхэр къахэкІащ: де Голль Франджым, нэгъуэщІ генерал Эйзенхауэр США-м я президент хъуахэщ. Жуковым Іэмал гуэри иІакъым СССР-м и Іэтащхьэм и фащэр зыщитІэжьну: Сталиныр лъэщІ иІэ, ирикъылыфІэ дыдэт. Пэжщ, зауэлІэхэр къызэщІэзыІэтэр езырат, ауэ апхуэдэхэм деж ахэр кІийхэт: «Хэкум, Сталиным папщІэ!» жаІэурэ. Арати, лъэпкъэхэ я вождым уплъэщынутэкъым, сэлэтхэр къодэІуэнутэкъым, цІыхубзым я гугъу умышІыхьи.

Хэку зауэшхэм белджылы къищІащ ІэзэгъкІэ Жуковыр псоми зэрефІэкІыр, абы къыхэкІыуи ЗыхъумэжьныгъэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэм и къулыкъым нэс дэкІуещІ. А зы закъуэрт Сталин Иосиф абдеж къуэдзэу щиІэр. Апхуэдэу щыщыткІэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, къэралым щыетІуанэ цІыхут. 1945 гъэм аращ фашист Германием и капитуляцэм Іэ щІэзыдзари, пщІэгъуэлэ дахэшхуэм тесу ТекІуэныгъэм и парадыр къыІеэхьари. Уи нэгу къыщІымыгъэхьэфынм лъагапІэт!

Арщхьэкіэ Жуковыр мамыр гъащІэм хэзмыхьэзыру къыщІэкІащ. Абы щыгъуэми, и жагъуэгъуэм сэтет къыщІащ зауэ нэужьым абы алэрыбгъуэкр, дыщэхэкІэхэр Германием къызэрыришар. 1946 гъэм мэкъуэгъуэм и 1-м Сталин Иосиф Дзэ совет нэхъыщхьэм и зэІущІэм щыжиІащ: «Дззэешэ акъыльфІэ псори - Сувороври, Кутузоври, хэбгъэзыхьмэ Скобелеви - нэмысыфІэу, мылъкумкІэ емыплъэкІыну щытащ. Уэ ар пхуэзэфІэкІыркъым. Уи закъуэ зауэм щытекІуауэ зыкъыпщыхьужаи!». Арщхьэкіэ фІы зыкъыришэкри, унафэщІу Одессэ дзэ округым игъэкІуащ.

ЗэрытІагъуэщи, Жуковыр Сталиным пэщІэувэфынутэкъым, ауэ Политбюром хэт нэгъуэщІ псоми япэлъэщынут. Арати, Сталиныр лІа иужь, абы тІэунейрэ Іэмал иІащ властыр иубыдыну. 1953 гъэм мэкъуэгъуэм и 26-м КПСС-м и ЦК-м и Пленумым Берие Лаврентий «цІыхубзм я биИуэ» къыщалъытащ. Нэхъыжьу щыс Маленков кнопкэр трикъуэ иужь Жуковыр я пашэу пэшым щІыхьащ зауэлІ гуп. ФІэкІыпІэ имыІэу уогупсыс: Жуковым Берие и мызакъуэу, зэрыщыту ЦК-р ийбыдамэ къэхъунур сытыт? Арщхьэкіэ политикэ хьэгъэщагъэ и лъэныкъуэкІэ Хрущёв Никитэ уеныкъуэжьну гугъут: абы псори зэпилъытат - Берие я ябыдын папщІэ гупитІ къызэрагъэпэщат, адрейм Хрущёв къыхуэпэжж украинхэр хэтт, генерал Москаленкэ я пашэу.

Езы Жуковри Хрущёвым куэд щІадж и дарэгъут: 1940 гъэм Украинэм и Компартым и ЦК-м и япэ секретарыр, Украинэм и НКВД-м и Іэтащхьэ Серов Иван, Киев дзэ округ хэжам и унафэщІ Жуков Георгий сымэ ныбжьэгъу зэрыщІат икІи апхуэдэу къыкІэкІащ ильэс кудкІэ. Хрущёв Никитэ власт Іэрыхьа иужь, адреитІри дэкІуеящ: Жуковыр зыхъумэжьныгъэмкІэ министру, Серовыр КГБ-м и Іэтащхьэу игъэуващ.

Къэралым и унафэщІ хъунымкІэ Жуковым Іэмал нэхъыфІ дыдэ щиІар 1957 гъэм и мэкъуэгъуэрщ. Абы щыгъуэм КПСС-м и ЦК-м и Пленумым щызэпэщІэуващ зэпимыкІуэт гупитІ. Каганович, Маленков, Молотов сымэ зи пашэ гупыр хущІэкъуащ Хрущёвыр и къулыкъум трахуну икІи ар абы къехъулІакІэт, арщхьэкІэ Жуковым ЦК-м хэтхэм ягурыІэуащ советыдзэм и унафэщІыр езыр зэрырар икІи унафэ имыщІауэ зы зауэлІи зэрымыхьеинур. Абы апхуэдэу къыхигъэщхьэхуКІащ езыми дзэми Хрущёвыр зэрыдаІыгъыр. Апхуэдэ къэпсэльэныгъэм и фІыгъэкІэ Хрущёвым власт къыхуэнащ икІи абы и ныкъуэкъуагъу нэхъыщхьэу тху �цК-м и Президиумым къыхигъэкІащ. Арщхьэкіэ псори езым елъытауэ зэрыжиІар Жуковым къыхуэгъуакъым: мазилпІ нэхъ дэмыкІыу и къулыкъу псори щхьэщахащ, бонапартизмэмкІэ ягъэхъуаншэри.

Партым и унафэщІхэр зэрызэщыхьар къиргъэсэбэпу Жуковым 1957 гъэм властыр иубыдыфынут. Арщхьэкіэ, Тхъэм и фІыщІэкІэ, къехъулІакъым. Бжьыпэр ІэщІыхьамэ, абы зауэ къиргъэхьанир зэхуэІуа щыІэтэкъым. Ар къызыхуигъэщІар зауэ Іэхуэхэрт, мамыр гъащІэм хэзагъэртэкъым...

Жуков Георгий щІэныгъэшхуэ бгъэдэлтэхьакъым, арщхьэкІэ дунейпсо зауитІми, Граждан зауэми хъарзынэу зыкъыщигъэльэгъуат, Халхин-Гол и дзэ операциэр щызэхихыат. Абы и быдэгъым и фІыгъэкІэ нэмыцэхэр Москва и дежь щрахужьжащ, Ленинград дыхьэфакъым. Ауэ гущІэгъуншагъэм щыхуэкІуэ щыІэт. Ар псом хуэмыдэу белджылы къыщыхьуар ядернэ Іэщам и удыныр зэрахухьыр езым и зауэлІэмкІэ 1954 гъэм зэриІуэуахаращ: полигоным зыгъэсэныгъэ Іуэхуэхэр щрагъэкІуэкІащ атом Іэщэр къыщагъэсэбэпу. И къарумкІэ бомбэр Хиросимэрэ Нагасакирэ щрадзыкам нэхърэ нэхъ лъэщт. Ищагъым щІэтт зыгъэсэныгъэхэм хэт сэлэт, офицер ныбжьыщІэхэу мин 45-рэ. Бомбэр къызэрыуэу я псори ныкъуэдыкъуэ хъуащ. Уеблэмэ, дохутырхэми ящІэрт-къым ар къызыхэкІар: Псоми Іэ традзат къэхъуар ябзыщІын хуейуэ къахуэзыгъэуэ тхылъым...

ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министрым и къулыкъур щиІыгъэ зэманым, 1957 гъэм, Ищхъэрэ, Балтие флотхэм я щытыкІэр кІыпщащ. Махуипщым къриубыдэу абы Іэщэкіэ зэщІэуэзда къаурхэм яхигъэкІащ офицер 273-рэ, зы генералрэ адмиралрэ, я нэхъыбэр Хэку зауэшхуэм хэтат.

Абы бандитхэм кІэ яритырт - я Іэуэхуэр зэхамыгъэкІыу икІи суд трамыщІыхьу, зы жэщым Одессэ къыдигъэкъэбзыкІауэ щытащ щІэпэхъаджащІэхэр. ФІы хуэдэщ, ауэ хабзэм езэгъыркъым...

Къэралыр щІэб политикэм хуэгъэзауи ткІиит: зыкъэзыІэтахэр танкхэмкІэ Будапешт щызэхипІыитІащ. Аращи, ар къэралым и Іэтащхьэ зэрымыкъуар Тхъэм и фІыщІэщ...

● Къэзахъстан

Нур-СулътІан и къэкІуэну дахэр

«Нур-СулътІан» цІэр иджыблагъэ зыфІаща Астана 1997 гъэм Къэзахъстаным и щыхьэр хуащ нэхъапэм къалащхьэу щыта Алматы и пІэкІэ. Иужьырейр щэнхабзэ, щІэныгъэ утыкуу къэнэжащ, ауэ мыр абы сыт и лъэныкъуэкІи щхьэпрыкІынущ. БлэкІа лъэхъэнэм щыхьэрыщІэм апхуэдизу къэрал ахъшэхуэр хуаутІыпщащи, нэхъапэм губгъуэ нэщІым ит жылпэ къызэрыгуэкІыр иджырей къалэ дахэ дыдэ хъуащ.

Тхыдэм и щІэин псэуалъэхэр зэрыщымыІэм къыхэкІыу Астана нэхъыбэу зытригъащІэр щхъуантІагъэхэмкІэ зыкъэгъэщІэрэщІэныгъ. Мыбы илъэс къэс зыплъыхьакІуэ куэд къоКІуэ, арщхьэкІэ Урысейм икІа хьэщІэхэм псом хуэмыдэу къащыхуогуапэ: щІыпІэм щыпсэухэр тыншу урысыбзэкІэ мэпсалъэ.

● Дунейм и щытыкІэхэр

Нэхъ хуабэ дыдэ

ФІэщщІыгъуейщ, ауэ Іэщ-щІагъэлІэжьм къыджаІэ: блэкІа мэкъуэгъуэгъуэ мазэр нэхъ хуабэ дыдэу щытащ дунейм и щытыкІэм кІэлъыплъым зэрыщІадзэрэ блэкІа илъэси 150-м къриубыдэу.

- ДЭ ЗИ гуГъу тщІыр ЩІы хъурейм ику иту щызекІуа температурэщ, - дыщыщІегъэгъуазэ Урысейм и Гидромет центрым и щІэныгъэ унафэщІ Вильфанд Роман «Комсомольская правда» газетым. - Псом хуэмыдэу къыхэжаныкІащ КъухьэпІэ Европэр. Франджым хуабэр градус 45-м щыщІигъуа къэхуащ. Дыгъэр къегугъуащ Кавказ Ищхъэрэмрэ Кьрымми, Астрахань, Волгоград областхэми - градус 35-37-рэ, уеблэмэ, язныкъуэ щІыпІэхэм - градус 40. АрщхьэкІэ КъухьэпІэ Сыбырыирэ Уралымрэ адрей илъэсхэм нэхърэ нэхъ щІыпІыІэу щыщытащ.

Ялъ мазитхум ятепщІыхьмэ, дызэрыт гъэм хуабагъэ и лъэныкъуэкІэ ещанэ увыпІэр иІыгъщ - абы зэкІэ къофІэкІи ди япэ ита ильэситІри. АрщхьэкІэ Дунейпсо метеорологие зэгухьэныгъэм зэрыхуигъэфащэмкІэ, экватором и деж Хы Хуэмым мардэм щыщыкъэдзэкІу екІуэкІмэ, 2019 гъэр тхыдэм щынэхъ хуабэ дыдэу къыщИдзащІ.

2019 гъэм бадзэуэгъуэр щІыпІэ хуэдэм щыщІыпІэ-тыІэщ. ГъэщІэгъуэнщ, ауэ хуабэр градус 26 - 28-хэм Колыма цІэрыІуэм щынос икІи ар Москва нэхърэ градусипщІкІэ щынэхъ лъагэщ. Хабгъэзыхьмэ, Сочи Анапи хуабэ кІэ йофІэкІ. Апхуэдэ къыщыхьур зэззэмызэхэщ. Уэшх къоцх икІи ар хъарзынэщ.

Пэжу, бадзэуэгъуэм и кІэм псори и пІэм иувэжину дыкъегъэгутэ. ЩыщхьэуІур щІыІыбэкІэ, уеблэмэ адрей илъэсхэм хуабагъкІэ къакІэрыкунукъым. Ари щыналъэр здэщыІэм елъытауэ.

Еджагъэшхуэхэм зэрыжаІэмкІэ, дунейм и щытыкІэхэр зэгъэтар икІи ахэр зыунэтІыр щІэн ди пІалмэтэр къыззрызэщІэлпІэрщ.

● Молдавие

Зызымыхъуэж щыІэкъым

ПщІыхьэпІэ хьэмрэ нахуапІэ? Куэдым иджыри къэс яфІэтелъыджэщ а къэралым къыщыхъуэхэр

ПОЛИТИКЭМ кІэлъыплъхэм ящІэж зэман мыжыжьым «Нон Грата» фІащу Молдавием ди дипломат 25-рэ яхэгъэкІуэу зэрыщытар. Абы щыгъуэм а Іуэхур имыдзу ясом хуэмыдэу хэІэтыкІуэу къэувари а къэралым и президент Додон Игорт. Ар зыми хуиттэкъым, хэхыныгъэхэм ІэІэткІэ щытекІуэ: парламентри правительствэри власткІэ къытекІуэрт, къедэІуэхэртэкъым. Зи гугъу тщІа унафэри къэзыщтар нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ министерствэрт! Молдавиер зи Іэмыщ1э ильыр олигарх Плахотнюк Владэт. Абы псори къыхуэхъуэрт, Къухьэпіэм и къару зэмылІэужьыгъуэхэм Іэзэу задригъэкІуэрти. Мылъкур нэхъуеиншэу зэрызрилъэфалІэм, Іулъхьэхэм хэуныкІэхэм къэралыр зэрарегъэфащым къыхэкІыу мелардыбжэр ящІэжьу, президент Трамп ищІэнумкІэ хуит хъуащ... Зэпсэльхэхэм, зэгуфІыІуэхэщ. Американ ЛІыкІэ Хоган олигарх Плахотнюк ІущІа иужь, мелардырыбжэр псынщІэ дыдэу щІэпхъуэжащ и гупыр игъуэсу.

Молдавием хуабжьу цІэрыІуэ щыхъуащ УФ-м и Президентым езым и лІыкІуэу Кишинев игъэкІуа Козак Дмитрий.

- Козак псом нэхърэ нэхъ зэхэщІыкІыгъуэу, къеуэхэкІ-нехьэкІ гъэрин хэмылъу псэльащ, жеІэ политолог Тулюбуре Алексей. - Абы къагуригъэІуащ молдованхэм Европэр къызэрыхахам Москва арэзы зэрытехъэр. Дэ, арыншамэ, щэнхабзэкІи тхыдэкІи быдэу дыз1эпІыщащ. Ар зы щІыпІи кІуэнукъым.

Ижьхэм Козак и псальэхэр хуабжьу я гуапэ хъуащ. Москва и пщІэм абыхэм я дежь хуэдэ зыбжанэкІэ зыкъыщиІэтащ.

Арщхьэкіэ Молдавием щытыкІэр апхуэдэу занщІэу зэтес щыхъужьыжьнукъым. КъулыкъущІэхэр кьанэ щымыІэу мылъку зэлъэфэлІэным дихьэхащ, ауэ ахэр зэзызэкъыІну Іэщ1агъэлІ хьэлэлхэр зэхьэдгупыр дэнэ? Пэжу, ар етІуанэ Іуэхущ.

Мыри къыхэсэщхьэхуКІын хуейщ. Иджыри къэс молдован политикхэм я нэхэм лъыр кьытолъадэ,«федерацэ» псальэр зэрызэхахыу. Дауи, ар зэхьэлІар Приднестровьерщ. Ауэ хэт сымэ Кишинев кІуар? Урысейщ, Германиерщ, Штат Зэгуэтхэрщ: псомми я къэрал ухуэкІэм и лъабжьэр федерализмэрщ. ИкІи цІыху къызэрыгуэкІын сыткІэ къыжьэхэуэрэ федерализмэр е, хэбгъэзыхьмэ, конфедерализмэр? Ар зыщІэхъуэпсыр зыхуей игъуэту икІи шынагъуэншэу псэунырщ.

«Махуэкум» и хьыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Футбол

Шыщхьэуіум екіуэкіыну зэіущіэхэр

Урысей Федерацэм и етІуанэ дивизионым и «Ищ» гуп
Ещанэ джэгуГъуэ
Шыщхьэ1уІум и 1
(махуэку)
«Волгарь» (Астрахань) - СКА (Дон Іус Ростов) «Краснодар-3» (Краснодар) - «Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ) «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)
«Черноморец» (Новороссийск) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Интер» (Черкесск) - «Спартак-Владикавказ» (Владикавказ)
«Алания» (Владикавказ) - «Анжи» (Мэхъэчкъалэ) - Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Дружба» (Мейкъуапэ)
«Мэхъэчкъалэ» (Мэхъэчкъалэ) - «Урожай»(Краснодар)

ЕплІанэ джэгуГъуэ
Шыщхьэ1уІум и 9
(мэрем)
«Урожай» - «Динамо-Ставрополь»
«Дружба» - «Интер»
«Биолог-Новокубанск» - «Мэхъэчкъалэ»
«Алания» - «Черноморец»
«Анжи» - «Спартак-Владикавказ»
«Спартак-Налшык» - «Краснодар-3»
«Легион Динамо» - «Волгарь»
СКА - «Мэшыкъуэ-КМВ»

ЕтхуанэджэгуГъуэ
Шыщхьэ1уІум и 16
(мэрем)
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Легион Динамо»
«Волгарь» - «Спартак-Налшык»
«Мэхъэчкъалэ» - СКА
«Краснодар-3» - «Алания»
«Спартак-Владикавказ» - «Дружба»
«Черноморец» - «Анжи»
«Интер» - «Урожай»
«Динамо-Ставрополь» - «Биолог-Новокубанск»

Еханэ джэгуГъуэ
Шыщхьэ1уІум и 24
(щэбэт)
«Урожай» - «Спартак-Владикавказ»
«Черноморец» - «Краснодар-3»
«Биолог-Новокубанск» - «Интер»
«Алания» - «Волгарь»
«Анжи» - «Дружба»
«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Легион Динамо» - «Мэхъэчкъалэ»
СКА - «Динамо-Ставрополь»

Къэзэрдей-Балъкъэрым и чемпионат
ЕпщыкІубланэ джэгуГъуэ
Шыщхьэ1уІум и 3
(щэбэт)
«Акъбащ» (Акъбащ Ищхъэрэ) - «Керт» (Къэхъун) «Спартак» (Шэджэм) - «Ислъэмей» (Ислъэмей) «Автозапчасть» (Бахъсэн) - «Нартан» (Нартан) «Малка» (Малкэ) - «Псыкуэд» (Псыкуэд)
Шыщхьэ1уІум и 4
(тхьэмахуэ)
«Нарт» (Нартхьалэ) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент) «Налшык» (Налшык) - «Родник» (Псынэдахэ) «Терч» (Терч) - «Энергетик» (Прохладнэ) - «ХьэтІохъущыкъуей» (ХьэтІохъущыкъуей) - «Спартак-Д» (Налшык)

ЕпщыкІуиянэ джэгуГъуэ
Шыщхьэ1уІум и 10
(щэбэт)
«Псыкуэд» - «Автозапчасть»
«Нартан» - «Ислъэмей» «Энергетик» - «ХьэтІохъущыкъуей»
«Керт» - «Нарт»
Шыщхьэ1уІум и 11
(тхьэмахуэ)
«ЛогоВАЗ» - «Малка» «Родникъ» - «Акъбащ» «Спартак-Д» - «Налшык» «Родник» - «Акъбащ»

ЕпщыкІубгуанэ жэгуГъуэ
Шыщхьэ1уІум и 17
(щэбэт)
«Керт» - «ЛогоВАЗ» «Терч» - «Нартан» «Ислъэмей» - «Псыкуэд» «Автозапчасть» - «Малка»
Шыщхьэ1уІум и 18
(тхьэмахуэ)
«Нарт» - «Родник» «Акъбащ» - «Спартак-Д» «Налшык» - «Энергетик» «ХьэтІохъущыкъуей» - «Къунтдей»

ЕтІощІанэ джэгуГъуэ
Шыщхьэ1уІум и 24
(щэбэт)
«ЛогоВАЗ» - «Автозапчасть» «Малка» - «Ислъэмей» «Псыкуэд» - «Терч» «Къунтдей» - «Налшык»
Шыщхьэ1уІум и 25
(тхьэмахуэ)
«Нартан» - «ХьэтІохъущыкъуей» «Энергетик» - «Акъбащ» «Спартак-Д» - «Нарт» «Родник» - «Керт»

ТІощІэ еданэ джэгуГъуэ
Шыщхьэ1уІум и 31
(щэбэт)
«Родник» - «ЛогоВАЗ» «Керт» - «Спартак-Д» «Терч» - «Малка» «Ислъэмей» - «Автозапчасть»

● Налшык къалэ

Къегъэлакіуэхэр бэлэрыгъыркъым

ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм хиубыдэу зыщыбгъэпскІ хъуну иІэр Курорт гуэлым и закъуэщ. Абыи метр 25-кІэ нэхърэ нэхъ куууэ уэхыхэныр щынагъуэншагъэ хабзэхэм ящІэркъыркъым.

МЫ ЗЭМАНЫМ гуэлым къегъэлакІуэу 4 щолажьэри, дэтхэнэри жэуаплныигъэ хэлъу Іуэхум бгъэдэтщ. Ахэр мэплъыр пщэдджыжьым сыхьэти 10-м къыщыщІэдзауэ пщыхьэщхьэм сыхьэти 6-м нэсыху. КъегъэлакІуэ станцым и унафэщІ Къуэщысокъуэ Резуан дызэрыщІегъэгъуэзамкІэ, мэкъуэгъуэгъуэм къыщыщІэдзауэ цІыху 15-м ядэІэпыкъун хуей хъуащ. Гуэлым зэрызыщыбгъэпскІыну хабзэхэр Іуплщ1у къыщыгъэпсыгъуэ тхыгъэр и хъуреягъым фІэлъщ, ди цІыхухэми зыгъэпэжхуакІуэ къакІуэхэми гу лъатэн хуэдэу. «Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, хэкІуэтауэ е пщэдджыжьым жьыуэ зыщызыгъэпскІэхэри щыІэщ. Абыхэм ящхьакІ фадэ зыІуэхуахэри, куууІэм хьыхьэхри. Дауэ мыхъуми, псори ди нэІэм зэрыщІэдгъэтыным дыхэтщ», - жиІащ унафэщІым. КъегъэлакІуэ гупыр зыкуэниу псомкІи хъарзынэу къызэгъэпэщащ, гужьеиГуэу ихуахэм зэрагъэпэсыным хуэхъэзыру. Къэнэжьи езы цІыхухэри сакъынырщ.

КУМЫЩ Марьянэ.

«КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я редакцэхэм я лэжьакІуэхэр **ТхьэгъэпсэО Анатолий Хьэмид и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Хьуран Таужан ТІуТІ и пхъур** зэрылІам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариfar** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашюкъуэ Эльа** (жэуап зыхьэ секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмышІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщ1апІэхэм ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; хъбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; узыншагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтхэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжыгъхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зыгъэхъаныгъ, ахэр ящІэрт. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **Жьэкіэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэгэ ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанnapэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр ПІ 5894 ● Тираж 2.016 ●Заказ №671